**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’ PEDAGOGIKA FAKULTETI**

**5141000 - Muzi’ka ta’limi bakalavr bag’dari’ni’n’ IV [a] topar talabasi’**

**Allayarova Malikanin’**

**TEMA: «Mekteplerde Watan haqqı’ndag`ı’ qosı’qlardı’ u`yretiw usı’lları’» temasi’ndag’i’**

# BAKALAVR PITKERIW JUMI’SI’

.

**No’kis – 2014**

**TEMA: Mekteplerde Watan haqqı’ndag`ı’ qosı’qlardı’ u`yretiw usı’lları’.**

JOBA:

1Kirisiw.
1.BAP. Jas wo`spirimlerdin`  ha`r  ta`repleme rawajlanı’wı’nda muzı’kanı’n` wornı’
1.1 Muzı’ka sabag`ı’nı’n` qurı’lı’sı’ ha`m wo`zgesheligi.
1.2. Muzı’ka sabag`in woqı’tı’wda principlerdi qollanı’wı’ ha`m woqı’tı’wdı’n` formaları’.
1.3.Woqı’tı’wshı’nı’n` balalarg`a muzı’ka obrazları’n u`yretiwi.
2.Bap. Mektep woqı’wshı’ları’na Watan haqqı’nda qosı’qlardı’ u`yretiw usı’lları’.
2.1. Qosi’q uyretiw usillari
2.2 Baslawı’sh klass woqı’wshı’ları’na  Watan haqqı’ndag`ı’ qosı’qlardı’ u`yretiw.
2.3 Joqarı’ klass woqı’wshı’ları’na  Watan haqqı’ndag`ı’ qosı’qlardı’ u`yretiw usı’lları’.
Juwmaqlaw
Paydalanı’lg`an a`debiyatlar.

**TEMA: Mekteplerde Watan haqqı’ndag`ı’ qosı’qlardı’ u`yretiw usı’lları’.**

**JOBA:**

**Kirisiw……………………………………………………………………3**
**1.BAP. Jas wo`spirimlerdin` ha`r ta`repleme rawajlanı’wı’nda muzı’kanı’n` wornı’…………………………………………………………7**
1.1 Muzı’ka sabag`ı’nı’n` qurı’lı’sı’ ha`m wo`zgesheligi…………………… 12
1.2. Muzı’ka sabag`in woqı’tı’wda principlerdi qollanı’wı’ ha`m woqı’tı’wdı’n` formaları’…………………………………………………15
1.3.Woqı’tı’wshı’nı’n` balalarg`a muzı’ka obrazları’n u`yretiwi………… 26
**2.Bap. Mektep woqı’wshı’ları’na Watan haqqı’nda qosı’qlardı’ u`yretiw usı’lları’**
2.1. Qosi’q uyretiw usillari……………………………………………………30
2.2 Baslawı’sh klass woqı’wshı’ları’na Watan haqqı’ndag`ı’ qosı’qlardı’ u`yretiw…………………………………………………………………..37
2.3 Joqarı’ klass woqı’wshı’ları’na Watan haqqı’ndag`ı’ qosı’qlardı’ u`yretiw usı’lları’…………………………………………………………………...43
Juwmaqlaw………………………………………………………………… 59
Paydalanı’lg`an a`debiyatlar…………………………………………….62

## K I R I S I W

Keleshegimiz tı’rnag’ı’ bilim da’rgayları’nda jaratı’ladı’, basqasha aytqanda xalqımı’zdı’n’ yerten’gi ku’ni qanday bolı’wı’

perzentlerimizdin’ bu’gin qanday ta’lim ha’m ta’rbiya alı’wı’na baylanı’slı’ yekenligin umı’tpawı’mı’z kerek, - dep Prezidentimiz atap ko’rsetkenindey, bu’gingi da’wir jasları’na u’lken isenim bildirilip wotı’r.

Solay yeken, mektep rawajlanı’wı’nı’n’ ha’zirgi basqı’shı’nda estetikalı’q sezimdi, teren’ insanı’ylı’q pa’ziyletlerin, ko’z – qarası’n qa’liplestiriw yen’ a’hmiyetli jumı’s bolı’p tabı’ladı’. Turmı’stag’ı’ ha’m ko’rkem wo’nerdegi go’zzallı’q, adamnı’n’ aqı’lı’n ta’miyinlewdin’ quralı’na aylanbaqta. Sonlı’qtan da muzı’ka sabag’ı’ baslawı’sh klasslarda muzı’ka ta’rbiyası’nı’n’ bazası’ bolı’p tabı’ladı’.

Ulı’wma bilim beretug’ı’n mekteplerdegi muzı’ka ta’limi ha’m ta’rbiyası’ baslawı’sh klassta muzı’ka sabag’ı’n qay da’rejede wo’tkenligi menen baylanı’slı’.

Bizin’ milliy ideyaları’mı’zdı’n’ tiykarg’ı’ maqsetlerinin’ biri ha`r ta`repleme rawajlang’an insandı’ ta’rbiyalawdan ibarat. Ha’r ta’repleme rawajlang’an insan yerkin pikirleytug’ı’n, wo’z xalqı’na pidayı’, Watanı’na sadı’q insan. Prezidentimiz wo’z so’zinde “Bizin’ tiykarg’ı’ baylı’g’ı’mı’z, rawajlang’an ma’mleket du’ziwde alı’p baratug’ı’n joldag’ı’ tiykarg’ı’ tayanı’shı’mı’z insandur.Joqarı’ ta’jiriybeli ha’m joqarı’ ruwxı’ylı’qqa iye insan . Bul na’rse a’sirese jas a’wladqa tiyisli”- dep ko’rsetken yedi.

Jetik insan ideyası a’zel – a’zelden xalı’qtı’n’ jaqsı’ niyeti, millet ruwxı’ylı’g`ı’nı’n` ajı’ralmas bo’legi bolı’p kelgen. Ullı’ babaları’mı’z Ibn Sino, Beruniy , Farobiy, Nawayı’lardı’n’ wo’shpes miyrasları’nda jetik ruwxı’y imkaniyatlar islew maqsetleri menen baylanı’sqan.

Al – Farabiy muzı’ka ilimin insandı’ ta’rbiyalawshı’, pedagogikalı’q ilimler qatarı’nda qoyı’p, wonı’ adamlar minez – qulqı’na, den – sawlı’g’ı’na ha`m ruwxı’ylı’g’ı’na ta’sir yetiwshi ku’sh sı’patı’nda ayı’rı’qsha ko’rsetip wo’tken.

Yelimizde salamat ha’m ba’rkamal a’wladtı’ ta’rbiyalaw, jaslardı’n’ wo’z do’retiwshilik ha’m intelektuallı’q potenciyalı’n ju’zege

shı'g'arı'wshı', ma'mleketimizdin' jigit – qı'zları'n XX1 a'sir talapları'na tolı'q juwap beretug'ı'n ha'r ta'repleme rawajlang'an shaxslar yetip kamalg'a keltiriw ushı'n za'ru'rli sharayatlardı' ha'm imkaniyatlardı' jaratı'w boyı'nsha ken' ko'lemli anı'q bag'darlang'an ilajlardı' a'melge ası'rı'wdı' maqset yetip qoyadı'.

Ta'rbiya – ha'r qanday insannı'n' wo'sip ka'malatqa jetisiwinde yen' a'hmiyetli za'ru'riy tu'sinik.

Bul boyı'nsha prezidentimiz I.A.Karimov Bilimlendiriw ha'm ta'rbiya ma'selesin, ma'nawiyatı'n qa'liplestiretug'ı'n tiykarg'ı' wo'lshemlerdin' biri sı'patı'nda ko'rsetedi. O'zbekistanda ta'lim – ta'rbiyanı'n' bas maqseti sı'patı'nda demokratiyaliq ja'miyetke belsene qatnasatug'ı'n, ha'r ta'repleme rawajlang'an shaxstı' qa'lipestiriw ha'zirgi waqı'tta yen' a'hmiyetli ma'sele bolmaqta.

Ulı'wma bilim beriw mekteplerinin' tiykarg'ı' wazsypaları'nan biri woqı'wshı'lardı' pikirlew ha'm woylawg'a u'yretiw bolı'p yesaplanadı'. Bul wazı'ypanı' a'melge ası'rı'wda bolsa muzı'ka sabag'ı'nı'n' a'hmiyeti ju'da' ku'shli. Bunda woqı'tı'wshı' balalardı' belgili bir muzı'ka shı'g'arması' menen tanı'stı'radı', bul shı'g'armanı' wo'zi atqarı'p woqı'wshı'lardı'n' dı'qqatı'n wo'zine qaratadı'. Bul jag'day balalardı'n' so'ylewin, pikirlewin rawajlandı'radı', du'nya qarası'na, sezim – tuyg'ı'ları'na ta'sir ko'rsetedi.

Xalqı'mı'zdı'n' keleshegi, yen' da'slep wonı'n' wo'zine, ruwxı'y qu'diretine ha'm milliy sanası'ni'n' do'retiwshilik ku'shine baylanı'slı' .

Balanı'n' kishkene waqtı'nan baslap, woylaw, do'retiwshilik qa'biletinin' rawajlanı'wı'nda muzı'kanı'n' ta'siri wog'ada ku'shli. Balanı'n' ha'r ta'repleme uqı'plı' ka'mil insan bolı'wı' ushı'n qorshag'an wortalı'qtı' tanı'wı'nda, joqarı' da'rejede woy – pikirin ja'mlewde, ruwxı'y estetikalı'q keshirmelerdi tu'siniwde muzı'kanın' wornı' a'hmiyetli bolı'p yesaplanadı'.

Yegerde yerte balalı’qtan, balanı’n’ ju’regine muzı’ka shı’g`armaları’ndag`ı’ go’zzallı’qtı’ sin’dirip, yeger sol muzı’ka seslerinde, bala adamzattın’ sezimlerindegi ko’p qı’rralı’qtı’ sezse, wonda wol bala ma’deniyattın’ joqarg’ı’ basqı’shı’na ko’teriledi, bunday jetiskenlikti basqa hesh qanday jol menen jetkere almaysan’. Muzı’ka naması’ndag’ı’ go`zzallı’q sezimi baladag’ı’ tek wo’zinin’ go’zzallı’q du’nyası’n ashı’p beredi.

Kadrlar tayarlawdı’n’ milliy bag’darlaması’ menen bilimlendiriw nı’zamı’da du’nya – ju’zlik bilim a’lemi negizinde du’zilgen ma’mleketlik ta’lim wo’lshemi talapları da’rejesinde ulı’wma insanı’y ha’m milliy qa’diriyatlar tiykarı’nda sabaqlı’qlar ha’m metodikalı’q qollanbalar do’retilip, ha’zirgi ku’nde wolar izbe – iz turmı’sqa yengizilip atı’r. Muzı’ka sabaqlı’qları’nda milliy muzı’ka miyrasları’mı’zdı’ itibarg’a alı’p, talapqa say unamlı’ paydalanı’p kiyatı’r.

Sabaq barı’sı’nda muzı’ka tı’n’law, qosı’q aytı’w, muzı’ka sawatı’ bular sabaqtı’n’ mazmunı’n ashı’p beriwshi ko’rgizbe qural sı’patı’nda u’lken a’hmiyetke iye. Sabaqtı’n’ mazmunı’ qı’zı’qlı’ bolı’wı’ ha’m bilimnin’ na’tiyjeliligin arttı’rı’w maqsetinde muzı’kalı’ woyı’n, ritmikalı’q ha’reketleri, qolları’n shappatlap, muzı’kag’a qosı’lı’p atqarıwshılıq sheberligi woqıwshılar arasında u’lken qı’zı’g’ı’wshı’lı’q arttı’radı’. Sabaq barı’sı’nda muzı’kalı’q shı’g’armalar tan’lap alı’nadı’, bul shı’g’armalardı’n’ ko’rkemlik da’rejesi sabaqtı’n’ teması’na say ha’m pedagogikalı’q jaqtan talapqa juwap beriwi kerek.

Tan’lap alı’ng’an sol muzı’kalı’q shı’g’armanı’n’ xarakteri haqqı’nda gu’rrin’ wo’tkeriledi ha’m u’yretiledi. Woyı’n muzı’kası’na da da’slep muzı’ka tan’lap alı’nadı’ ha’m ha’reket islenedi. Al muzı’ka sawatı’nda bolsa tek g’ana notanı’ u’yrenip qoymastan, woqı’wshı’lardı’n’ ulı’wma muzı’ka bilimine tiyisli bolg’an muzı’ka janrları’, sa’zendeler haqqı’nda, wolardı’n’ atqarı’wshı’lı’q usı’lları’, xalı’q kompozitorları’, wolardı’n’

do’retpeleri ha’m bir – birinen parqı’n ayı’ra biliw, milliy muzı’kanı’n’ a’hmiyeti, klassik muzı’kalar ha’m tag’ı’ basqalardı’ u’yrenip baradı’.

Qosı’q aytı’w woqı’wshı’lardı’n’ notag’a qarap muzı’kanı’ woqı’w qabiletin arttı’rı’w, sheberlik ta’jiriybelerinin’ mudamı’ rawajlanı’wı’ ushı’nda kerekli elementlerdin’ biri bolı’p yesaplanadı’. Qosı’q insang’a estetikalı’q ha’m ruwxı’y jaqtan ku’shli ta’sir jasawshı’ janrdı’n’ biri. Qosı’qlardı’ atqarg’anda dawı’s intonaciyası’n tuwrı’ jolg’a qoyı’p, dem alı’w, dikciyag’a itibar beriledi ha’m bular haqqı’nda tu’sinikke iye boladı’.

Woqı’wshı’lar klassta ko’pshilik bolı’p qosı’q aytqan waqtı’nda bir –birin tı’n’lap, dawı’sları’n qosı’p, ansambl bolı’p aytı’w menen birge, muzı’kag’a qosı’lı’p woyı’nlar atqaradı’. Bunday ha’reketler woqı’wshı’lardı’n’ muzı’kag’a bolg’an qa’biletlerin ası’rı’p, ritmge tu’se biliw, wolardı’n’ denesinin’ saw –salamat wo’siwine u’lken ta’sir jasaydı’. Bulardı’n’ barlı’g’ı’ baslawı’sh klass woqı’wshı’ları’nı’n` ha’r ta’repleme jaqsı’ rawajlanı’wı’na jaqsı’ ta’sir ko’rsetiwi so’zsiz.

**Temanı’n’ aktuallı’g’ı’.**

Bul пitkeriw qa’nigelik jumı’sı’ “ Mekteplerde Watan haqqı’ndag`ı’ qosı’qlardı’ u`yretiw usı’lları’ degen temada jazı’lg’an bolı’p, ulı’wma bilimlendiriw tarawı’ndag’ı’ ha’zirgi talapqa say, ju’da’ a’hmiyetli tema bolı’p yesaplanadı’.

Pitkeriw qa’nigelik jumı’sı’nda baslawı’sh klasslardı’n’ muzı’ka sabag’ı’ndag’ı’ xizmet tu’rlerin woqı’tı’wdı’n’ usı’lları’n ashı’p beriw na’zerde tutı’lg’an

**Pitkeriw jumı’sı’nı’n’ maqseti ha’m wazı’ypası’.**

Pitkeriw qa’nigelik jumı’sı’n jazg’andag’ı’ tiykarg’ı’ maqseti mektepte muzı’ka sabag’ı’nda watan haqqı’ndag’ı’ qosı’qlardı’ u`yretiw usı’lları’ arqalı’ woqı’wshı’lardı’n’ muzı’kalı’q uqı’bı’n rawajlandı’rı’w, muzı’kag’a bolg’an ı’qlası’n arttı’rı’w, qosı’q aytı’w usı’lları’n wo’siriw ha’m muzı’kanı’n’ ritmine tu`sip ha’reketler islew ha’m

atqarı'wshı'lı'q qa'biletlerin rawajlandı'rı'w, al wazı'ypa bolsa usı'lardı' wo'zlestiriw arqalı' wo'mirdi an'law, sezimlerin ta'rbiyalaw, pikirlewge u'yretiw.

**Jaqlaw ob'ekti ha'm predmeti.**

Bunda muzı'ka sabag'ı'nda u'yretiletug'ı'n qosı'qlardı', muzı'ka tı'n'lawg'a berilgen shı'g'armalardı', ayaq – woyı'n ha'reketleri ushı'n berilgen muzı'kalı'q shı'g'armalardı' talı'qlaw na'zerde tutı'lg'an.

**Jumı'stı'n' ilimiy jaqtan jan'alı'q kirgiziw da'rejesi**.

Pitkeriw jumı'sı'nda temanı'n' mazmunı'n ha'r ta'repleme ashı'p beriw, wonı' woqı'wshı'larg'a jetkeriw, sonı'n' menen birge ken' tu'rde axborot beriw imkaniyatı' wonı'n' ilimiy jan'alı'g'ı'nan bolı'p yesaplanadı'.

**Pitkeriw jumı'sı'nı'n' du'zilisi.**

Pitkeriw qa'nigelik jumı'sı' Kirisiw, Tiykarg'ı' bo'lim 1 / 2 baptan Juwmaqlaw, usı'nı'slar ha'm paydalanı'lg'an a'debiyatlardan ibarat.

**Pitkeriw jumı'sı'nı'n' tiykarg'ı' na'tiyjeleri**.

Pitkeriw jumı'sı'nı'n' ilimiy ta'rbiyalı'q a'meliy juwmaqları' ulı'wma bilim beriw mekteplerinde woqı'wshı'larg`a Watan xaqqı'ndag`ı' qosı'qlardı' u`yretiw usı'lları' arqalı' muzı'kanı'n' sı'rları'n tu'siniwdi, qa'dirlewdi ha'm wonnan ilha'm alı'wdı' ta'rbiyalaw bolı'p tabı'ladı'.

## 1.Bap. Woqı'wshı'lardı'n` ha`r ta`repleme rawajlanı'wı'nda muzı'kanı'n` wornı'

Muzı'ka ha`mme waqı'tta bizin` joldası'mı'z bolı'p, u`yde, ko`shede, mektepte, saltanatlı' jı'ynalı'slar ha`m sport woyı'nları', xalı'q-aralı'q seyiller ha`mde doslı'q ushı'rası'wları'na ko`mekshi boladı'. Jumı'sta wol

sharshag`anda sharshag`andı’ shı’g`arı’w, qayg`ı’ ha`m shadlı’qta sezimlerdi ashı’q aytı’wg`a, seyillerde dem alı’wg`a ja`rdem beredi. Solay yeken, tuwı’lg`annan son`g`ı’ ku`nge shekem, ha`yyiwden baslap tap joqlaw qosı’g`ı’na shekem-muzı’ka insang`a kerek.

Sonı’n` ushı’nda muzı’ka insan wo`mirine wol du`n`yag`a kelgen ku`ninen baslap-aq qa`liplesedi. Bala birinshi ma`rte ana ha`yyiwinen ta`sirlenedi. Sol sebepli bala ta`rbiyası’nı’n` wo`zi besikten baslanadı’ dep ata-babamı’z aytı’p ketken. Tu`n uyqı’sı’n to`rtke bo`lip, besikti terbetip wotı’rg`an ana, jas bo`bektin` keleshegine arnap besiktin` shayqatı’lı’w ı’rg`ag`ı’na qosı’p qandayda bir jag`ı’mlı’ qosı’qlar aytadı’. Ha`yyiw qosı’g`ı’ usı’lardı’n` yen` su`ykimlisi ha`m wonı’ ha`r bir ana atqara aladı’. Ha`yyiw arqalı’ balanı’n` wo`mirin birinshi ku`nnen baslap-aq muzı’kag`a kirip kelip, wol wo`mirdin` ajı’ralmas bo`legindey bolı’p qa`liplese baslaydı’. Ha`r bir bala wo`z anası’nı’n` dawı’sı’n ku`n wo`tken sayı’n jaqsı’ tanı’y baslaydı’. Biraq du`n`yag`a kelgen na`reste wonı’ tu`sinbese  de, bekistn` terbelisi menen ana dawı’sı’nı’n` ses ı’rg`ag`ı’ wonı’ pu`tkilley ma`lha`m yetip ra`ha`tli uyqı’g`a ma`jbu`rleydi. Ana ha`yyiwi u`lken qa`siyetke iye bolı’p balanı’n` yesitiw qa`biletine, muzı’kalı’ ta`rbiyası’na, muzı’kag`a bolg`an ı’qlası’nı’n` payda bolı’wı’na ta`sir jasaydı’.

Analar balası’n aldarqatı’w ba`nesinde ha`yyiw aytı’p besik shayqap wo`zlerinin` perzentine degen analı’q muxabbatı’n jetkerip beriwge ha`reket yetedi. Besik jı’rı’ fol`klor janrları’nı’n` biri bolsada wonı’n` tiykarg`ı’ avtorları’ ha`m atqarı’wshı’ları’ analar bolı’p tabı’ladı’. Ha`r bir ana ha`yyiw qosı’g`ı’n atqarg`anda wo`z betinshe sulı’w qı’lı’p, jag`ı’mlı’ dawı’sı’ menen wo`zgeshe ı’rg`aqlardı’ qosı’p atqarı’wg`a ha`reket yetedi. Bul qosı’q tiykarı’nan jay tempte atqarı’ladı’.  Ha`yyiw qosı’g`ı’n atqarı’w ushı’n balalardı’n` jası’na qaray sheklenbegen. Sebebi qosı’qtı’n` tiykarg`ı’ mazmunı’ analardı’n` wo`z perzentlerine aytatug`ı’n aqı’l na`siyatı’nan ibarat.

Muzı’ka balalardı’n` moral`lı’q qa`siyetlerin qa`liplestiriwde ku`shli ta`sir jasaytug`ı’n qural, sol sebepli balalardı’ ha`r ta`repleme u`yretip wolarg`a ha`r tu`rli muzı’kalı’q shı’g`armalardı’ radio, televizor, magnitafon h.t.b texnik

quralları’ ja`rdemi ta`repinen tı’n`latı’rı’p wolardı’n` ta`sirleniwin ju`zege shı’g`arı’wı’mı’z kerek. Bunday jag`dayda biz tek g`ana wo`zbek yamasa qaraqalpaq kompozitorları’ ta`repinen do`relgen shı’g`armalar menen sheklenip qoymastan ha`r qı’ylı’ millet wa`killerine ta`n bolg`an qosı’qlardı’ muzı’kalı’ shı’g`armalardı’ u`yretip barı’wı’mı’z lazı’m. Usı’nday jag`dayda g`ana balalarda intonaciyalı’q sezimler payda boladı’.

Muzı’ka bul adamnı’n` wo`mirlik joldası’. Xalı’q quwanı’shta bolsa da, qapa bolı’p qayg`ı’rsa da, jol ju`rse de, dem alsa da muzı’ka menen birge boladı’. Muzı’kanı’n` balalardan u`lken adamlarg`a jetiwi to`mendegi u`sh tiykarda boladı’.

Woyı’n (tanec),

marsh,

qosı’q.

Qosı’q, woyı’n, marsh tirishigimizdin` tiregi, wolar wo`ner tu`rinde g`ana yemes, bizin` ruwxı’y du`n`yamı’zdı’ bayı’tı’wda da u`lken u`les qosadı’.Yeger qosı’qtı’ tı’n`lap, wonı’ u`yrenip ha`m atqara alsan` bul ha`r bir insanda muzı’kag`a degen qanday da bir qı’zı’g`ı’wshı’lı’qtı’n` bar yekenligin an`latadı’.

Balalardı’n` muzı’kalı’q ta`rbiyası’n ha`yyiw qosı’g`ı’nan baslap keyin ala wolardı’ ha`r tu`rli, a`lbette balalar ushı’n arnap jazı’lg`an muzı’kalı’ shı’g`armalarda ta`rbiyalaw worı’nlı’. Balalar bizin` keleshegimiz degen so`zlerge tayanı’p, wolardı’ durı’s ta`rbiyalaw ushı’n bala baqshaları’na berip, sol da`wirden baslap turmı’sta ushı’rasatug`ı’n u`rip-a`detler, naqı’l-maqallar, yertekler tiykarı’nda ta`rbiyalaw kerek. Wolarg`a basqı’shpa-basqı’sh u`rip a`detlerge, yerteklerge baylanı’slı’, muzı’kalı’q shı’g`armalardı’ u`yretip barı’w kerek. Bala baqshaları’nda balalardı’n` sana sezimin estetikalı’q jaqtan rawajlandı’rı’wda qosı’q aytı’w muzı’kag`a qosı’lı’p ha`reket yetiw woraylı’q worı’ndı’ iyeleydi. Bul tikkeley muzı’ka ta`rbiyashı’sı’nı’n` tikkeley wazı’ypası’ bolı’p yesaplanadı’. Muzı’ka ta`rbiyashı’sı’ balalar menen jumı’s islegen waqı’tta qandaydu`r bir rejege tiykarlanı’p, balalardı’n` jas wo`zgesheliklerine

qaray ha`r tu`rli qosı’qlar, qosı’qtı’n` mazmunı’na qaray woyı’nlar, ha`r tu`rli ha`reketler woylap tawı’p kishkene balalardı’n` muzı’kag`a degen qı’zı’g`ı’wshı’lı’g`ı’n arttı’rı’p barı’wı’ kerek, a`lbette bir waqı’ttı’n` ishinde ha`mme na`rseni yag`nı’y qosı’q aytı’wdı’ da, ha`reket islewdi de u`yretiw mu`mkin yemes. Sol sebepli da`slep muzı’ka ta`rbiyashı’sı’ qosı’q aytı’wdı’ jolg`a qoyı’p alı’wı’ kerek. Bunday jumı’s dawamı’nda yesitiw ha`m qosı’q aytı’w intonaciyası’ menen dawı’stı’ durı’s shı’g`arı’w a`hmiyetli worı’n iyeleydi. Qosı’q aytı’wdı’ u`yretiw dawamı’nda ta`rbiyashı’ balalardı’n` muzı’kag`a degen su`yispenshiligin ta`rbiyalaw, muzı’kanı’ tı’n`law, qosı’q aytı’w, muzı’kalı’q a`spablar menen tanı’stı’rı’w, sonday-aq ha`r tu`rli janrlarda jazı’lg`an muzı’kalı’ shı’g`armalar menen tanı’stı’rı’p barı’w sı’yaqlı’ basqı’shlarg`a itibar beriw kerek.

Kishi jastag`ı’ balalarg`a wolar atqarı’p atı’rg`an qosı’qtı’n` ma`nisin tu`sindirip barı’w sha`rt, sebebi qosı’qtı’ durı’s atqarı’w ushı’n wonı’n` sı’rları’n biliw kerek. Wonı’ iske ası’rı’wı’mı’z ushı’n balalardı’n` dawı’sları’n shı’nı’qtı’rı’p, so`zlerin aytqan waqı’tta dikciyası’na itibar berip, muzı’kalı’ shı’g`armanı’n` ritmikalı’q, dinamikalı’q belgilerin u`yretip barsaq ju`da` worı’nlı’ boladı’.

Balalardı’n` sana sezimin rawajlandı’rı’wg`a muzı’kag`a qosı’lı’p woynaw, ha`reket yetiw usı’lları’ da ju`da` ken` qollanı’ladı’. Woyı’n muzı’kalar menen ha`reket yetken balanı’n` denesi shı’nı’g`adı’, den-sawlı’g`ı’ bekkem boladı’, sonday-aq bala atqarı’lı’p atı’rg`an muzı’kalı’ shı’g`armanı’n` ritmin wo`zlestiriwge ha`reket etedi.

Bala baqshaları’nda ha`r tu`rli bayramlarg`a arnalg`an kesheler wo`tkeriledi. Mı’salı’, g`a`rezsizlik, Qurallı’ ku`shler ku`ni, Jan`a jı’l, hayal-qı’zlar ku`ni, Nawrı’z bayramları’ wo`tkerilip wolardı’n` ha`r birine ta`n scenariyalar jazı’ladı’. Qurallı’ ku`shler ku`nine arnalg`an bayramda Watan haqqı’nda, qaharmanlar haqqı’nda qosı’qlar atqarı’ladı’. Sonday-aq woyı’n tu`rin sho`lkemlestirilgen waqı’tta marsh muzı’kaları’n ko`p qollanı’ladı’.

Jan`a jı’l bayramı’nda muzı’ka ta`rbiyashı’sı’ ta`repinen balalarg`a qı’zı’qlı’ bolg`an qandayda bir scenariya jazı’lı’p sol boyı’nsha qosı’qlar tan`lanadı’. A`lbette ko`pshilik yerteklerde ma`sta`n kempir, ayaz baba, qar qı’zı’, sonday-aq haywanlar obrazı’nan qoyanlar, tu`lkiler, ayı’wlar obrazları’ ken` tu`rde qollanı’ladı’.

Haywanlar obrazı’n ko`rsetip beriw dawamı’nda balalar ju`riw, sekiriw, juwı’rı’w, shappatlaw, tepsiniw sı’yaqlı’ ha`reketlerdi u`yrenedi. A`lbette ha`r bir element muzı’kalı’ shı’g`armanı’n` mazmunı’na tiykarlanı’p islenedi.

## 1.1. Muzı’ka sabag`ı’nı’n` mazmunı’ ha`m wo`zgesheligi.

Muzı’ka sabag`ı’ balalardı’ a`deplilik jag`ı’nan rawajlanı’wı’nda u`lken na`tiyjeli ta`sir ko`rsetedi. Sabaq wo`tiw muzı’ka ta`rbiyası’ diziminde jetekshi baza yesaplanadı’. Sonı’n` ushı’nda muzı’ka sabag`ı’n yen` da`slep, ta`rbiya sabag`ı’ delinedi. Sabaq wo`tiw ushı’n woqı’tı’wshı’ wo`zinin` muzı’kalı’q ha`m teoriyalı’q bilimlerin qa`liplestiriw kerek. Muzı’ka insandı’ qa`liplestiriwinde kerekli worı’n iyeleydi, wonı’n` sezimi ha`m fiziologiyası’na aktiv ta`sir ko`rsetedi.

Ulı’wma bilim beriw mekteplerinin` tiykarg`ı’ wazı’ypaları’nan biri, woqı’tı’wshı’lardı’ pikirlew ha`m woylawg`a u`yretiw. Bul wazı’ypalardı’ a`melge ası’rı’wda muzı’ka sabag`ı’ jetekshi a`hmiyetke iye. Bunda woqı’tı’wshı’ belgili bir muzı’ka shı’g`arması’ menen woqı’wshı’larg`a tanı’stı’rı’p wonı’ wo`zi go`zzal yetip, woqı’wshı’lar dı’qqatı’n shı’g`armag`a qaratadı’. Wolardı’n` so`zlerdi tuwrı’ aytı’w ma`deniyatı’n wo`siriw, pikirlew qa`biletin, du`n`yag`a ko`z – qarası’n ken`eytiredi, emocional sezimlerinede jaqsı’ ta`sir yetedi. Muzı’ka sabaqları’nı’n` mazmunı’na tek g`ana wo`zlestiriw yemes, balki balalar sanası’n wazı’ypalarg`a mu`na`siybetin rawajlandı’rı’w. Estetikalı’q ma`deniyatı’n payda yetiw ha`m basqa ishki sezimlerin qa`liplestiriw ko`zde tutı’ladı’. Woqı’wshı’nı’n` sabaqqa do`retiwshi sı’patı’nda qatnası’wı’ u`lken a`hmiyetke iye ha`m de birneshe wazı’ypalardı’ wo`z aldı’na maqseti yetip qoyadı’.

Muzı’ka ta`rbiyası’nda jan`a metod ha`mde qurallar izlew – turmı’s penen isskustvo wortası’ndag`ı’ baylanı’stı’ muzı’ka ma`deniyatı’n mazmunı’ ha`m ma`nisin ko`rsetip tu`sindiriw, maqsetti a`melge ası’rı’wda mug`alim jaqsı’ tayarlı’q yetiwi, wo`z betinshe tı’nbay islewi, yag`nı’y bilim ma`deniyatı’n, ilimiy a`debiyatlar, da`stu`rler, ko`rkem a`debiyatlar, teatrlarg`a barı’p ruwxı’y ha`m bilim jag`ı’nan sapası’n wo`stiriw jolları’n qa`liplestirip barı’wı’ kerek. Muzı’ka wo`tiletug`ı’n klasstı’ ta`b penen jaqsı’ formit yetiw u`lken a`hmiyetke iye. Ko`rgizbe qurallar, texnika a`sbapları’, saz a`sbaplardan

paydalanı’p, sabaq planları’n, scenariyları’n du`zip jan`a texnalogiyanı’ qollawı’ tiyis. Ha`m de muzı’ka sabaqları’nı’n` ba`rshe tarmag`ı’n maqsetin ha`m mazmunı’n sabaqtı’ temaları’n ashı’p beriwi, turmı’s penen baylanı’stı’rı’p sabaqtı’n` ha`mme bo`leklerin bir – biri menen baylanı’slı’ wo`tiwdi talap etedi.

Muzı’ka sabag`ı’ basqa sabaqlardan wo`zinin` ko`rkemliligi, qı’zı’qarlı’lı’g`ı’ ha`m balalarg`a ko`birek do`retiwshi quwanı’shlı’, emocional sezimler ha`m obrazlı’ keshinmelerdi woyatı’w menen ajı’ralı’p turadı’. Sonı’n` ushı’n muzı’ka sabag`ı’ yen` da`stlep, ta`rbiya sabag`ı’ muzı’ka sabaqları’ to`mendegi specifik wo`zgeshelikleri menen basqa sabaqlardan parı’q yetedi.

1. Wol muzı’ka teoriyası’ ha`m atqarı’wshı’lı’g`ı’na qarap ha`r qı’ylı’ bo`limler` vokal xor sho`lkemleri muzı’ka sawatı’, muzı’ka tı’n`law, balalar saz a`spabı’nda shertiw, ritmikalı’q ha`reketler islew elementlerinen turadı’.

2. Muzı’ka basqa isskustvo tu`rlerinen tu`sindiretug`ı’n, yag`nı’y tu`sindiriwshi tili menen ajı’ralı’p turadı’. Yeger ko`rkem a`debiyat so`z benen tu`sindirse, su’wretlew wo`neri ren`ler menen, muzı’ka bolsa wo`z dawı’sları’nda ko`terilgen nama ı’rg`aqları’ ja`rdeminde gewdelenedi. Joqarı’dag`ı’ isskustvo tu`rlerin ko`riw ha`m yesitiw arqalı’ tu`sinsek, muzı’kanı’ tek dı’qqat penen tı’n`lap g`ana tu`sinemiz.

3. Muzı’ka wonı’n` waqı’t wo`lshemi menen baylanı’sqan isskustvo tu`ri. Sonı’n` ushı’n atqarı’latug`ı’n muzı’ka tempine sazlanı’p, wonı’n` ha`r bir yelementin dı’qqat penen tı’n`lamasan`, shı’g`armanı’ jaqsı’ tu`sine almaymı’z. Klassik shı’g`armanı’ qaytalap tı’n`lag`anda wonı’n` jan`adan jan`a ko`rkemligin sezemiz.

4. Muzı’ka balalarg`a aktiv emocional ta`sir ko`rsetip, adamda tu`rli sezimler woyatadı’. Jaqsı’ mazmunlı’ muzı’ka sabag`ı’nan balalar ko`rkem, ruwxı’y dem aladı’. Xullası’, muzı’ka sabag`ı’ wo`zinin` aktiv psixologiyalı’q ta`siri menen basqa pa`nlerden ajı’ralı’p turadı’.

Sonday-aq, muzı’ka sabag`ı’ basqa pa`nler menen ha`m baylanı’slı’. Su’wretlew wo`neri, a`debiyat, ana tili, matematika, tariyx, pedagogika, psixolgiya, vokal, ritmika ha`m tag`ı’ basqa. Bular muzı’ka ma`deniyatı’ sabag`ı’n wo`mir, turmı’s penen baylanı’stı’rı’wg`a mazmunlı’, qı’zı’qlı’, sı’patlı’ yetip sabaq wo`tiwge ja`rdem beredi, a`sirese ha`zirgi zamanago`y pedagogikalı’q texnalogiyalardı’ qollag`anda, muzı’ka sabag`ı’ wo`zinin` aralas sabaq tipi bolg`anlı’g`ı’nanda basqa pa`nlerden ajı’ralı’p turadı’.

## 1.2. Muzı’ka sabag`ı’n woqı’tı’wda principlerdi qollanı’wı’ ha`m woqı’tı’wdı’n` formaları’.

Muzı’ka ma`deniyatı’ sabag`ı’ mekteplerde jeti jı’l dawam yetedi. Usı’ waqı’t dawamı’nda sabaqlar pedagogikanı’n` didaktikalı’q teoriya ha`m principleri tiykarı’nda du`ziledi. Usı’ principler mug`alimi ha`m woqı’wshı’ ta`repinen islenetug`ı’n barshe ta`lim tiykarları’ – sabaq mazmunı’, metodları’ ha`m sabaqtı’n` du`zilisindegi tiykarg`ı’ talaplar ha`m wonı’n` jolları’n belgilep beredi. Muzı’ka ma`deniyatı’ sabaqları’nı’n` didaktikalı’q principleri bes tu`rden ibarat.

1. Muzı’ka ma`deniyatı’ ta`lim ha`m ta`rbiyası’nda sistemalı’lı’q, ilimiylik ha`m dawam yetiwshilik principleri.

2. Sabaqta woqı’wshı’lardı’n` sapalı’ ha`m aktivlik maqseti.

3. Muzı’ka ma`deniyatı’ sabaqları’nda ko`rgizbelilik maqseti.

4. Woqı’w materialları’nı’n` balalar bilim ha`m ko`nlikpelerine saylı’g`ı’ principleri.

5 Muzı’ka sabaqları’nda bilim ha`mde ta`jiriybelerdi bekemligi principi.

Usı’ principler tiykarı’nan woqı’w materialları’n qollaw, muzı’ka sabag`ı’n mazmunı’n ha`m rejesin du`ziw processinde qollanı’ladı’.

Bul aytı’p wo`tilgen ulı’wma didaktikası’nı’n` principler, maqsetler bir – biri menen qatnası’qta bolı’p, muzı’ka ma`deniyatı’ sabag`ı’n MC nı’zamları’na say, milliy wo`zgesheliklerdi yesapqa alg`an jag`dayda, baylanı’stı’ dawam yetiwshiligin tiykar yetip muzı’ka ta`rbiyası’ turaqlı’lı’g`ı’n ta`miynleydi.

Muzı’ka ta`limi ha`m ta`rbiyası’nda ha`mme principleri ha`r bir sabaqta wo`zinin` forması’ ha`m mazmunı’ menen ilimiy tiykarda payda bolı’wı’ ha`m qa`liplesiwi kerek. Muzı’ka tuwralı’ bilimler aylanı’sı’, muzı’ka ta`limi ha`i ta`rbiyası’nı’n` tiykarg`ı’ jetiskenligin ta`miynlewshi baza bolı’p yesaplanadı’. Wonda adamzat jaratqan muzı’kag`a tiyisli qag`ı’ydalar, juwmaqlar, birlesken muzı’kalı’q ta`jiriybeler wo`z wornı’n tapqan. Wolardı’ wo`zlestiriw, muzı’ka a`meliyatı’ jolı’nda bilim ha`m ko`nlikpeler payda yetiw maqsetke

tuwrı’ keledi. Sabaq processinde woqı’w materialları’n balalardı’n` bilim ta`jiriybesine saylı’g`ı’, balalar dawı’sı’nı’n` rawajlandı’rı’w qag`ı’ydaları’n yesapqa alı’w nota qag`ı’ydaları’n tuwrı’ u`yreniw, shı’g`armalardı’ balalardı’n` woylaw qa`biletine say sı’patı’nda dodalaw sabaqtı’n` ilimiylik principlerin quarydı’. Bul ilimiylik principi maqsetin sistemalı’ principsiz a`melge ası’rı’p bolmaydı’. Sabaqtı’n` ha`mme woqı’w isleri ha`m de keyingi sabaqlardı’n` wo`z – ara baylanı’sı’ sistemalı’lı’q principin tiykarı’n quraydı’, yag`nı’y wo`tilip atı’rg`an sabaq kelesi sabaqqa mu`mkinshilik jasaydı’. Qosı’q aytı’w ha`m tı’n`law ushı’n shı’g`armalardı’ bilim ha`m ta`jiriybe da`rejesine ko`terilip, a`piwayı’dan quramlı’qqa, belgisizden belgilige qaray wo`zlestirip barı’w principleri belgili ta`rtipke say balki, sistemalalı’qqa kiredi.

Sabaqtı’n` ha`r bir jumı’sları’ wo`z gezeginde, ha`r bir sabaqtı’n` a`piwayı’ dawamı’m bolı’p, pedagogikalı’q maqsetlerdi a`melge ası’rı’lı’p barı’lı’wı’ dawam yetiwshilik delinedi. Sabaqta woqı’wshı’lardı’n` sapalı’lı’q ha`m aktivligi, principi jetekshi didaktikalı’q principlerinen sanaladı’. Sebebi bilimdi wo`zlestiriw woqı’wshı’lardı’n` aqı’llı’lı’g`ı’na tiykar bolg`an biliw procesine baylanı’slı’.

Muzı’ka tu`sinigi kisinin` wo`mirlik turmı’s ta`jiriybesin bayı’tı’wdı’, real ha`diyseni sezip biliw, pikir ju`rgiziw qa`biletin wo`stiredi. Usı’ ta`jiriybe ha`m ko`nlikpenin` qa`liplnsiwi bala sanası’nı’n` uzaq rawajlanı’w processin talap yetedi. Bunı’n` ushı’n, balanı’n` woqı’w materialları’n sanalı’ sı’patı’nda bilip, wo`zlestiriliwi biliwi processin, aktivliligin payda yetiwi kerek. Belgili muzı’ka shı’g`arması’n aytı’p yaki tı’n`lap wo`zlestiriw ha`m wonnan estetikalı’q ruwxlanı’wı’, tu`sine biliwi, balanı’n` yen` da`slep dı’qqatı’n ası’rı’w, wonda qı’zı’g`ı’w woyatı’w, sanalı’lı’q ha`m aktivlikti payda yetedi. Muzı’kanı’ dı’qqat penen tu`siniw wo`z na`wbetinde ko`rkem nama ha`m yeslew qa`biletindegi jaqsı’ processti talap yetedi. Muzı’ka sabag`ı’nda dı’qqatlı’ ha`m aktiv qatnası’w

a’sirese vokal xor ta`jiriybelerin qa`liplestiriwi ushı’n za`ru`r. Xor bolı’p qosı’q aytı’w, muzı’ka tı’n`law, muzı’ka sawatı’ wolardı’ u`yreniwde de dı’qqat ha`m aktivlik muzı’kanı’ teoriyalı’q ha`m a`meliy ta`replerin tuwrı’ ha`m wo`zlestiriwdi an`satlastı’radı’.

Sabaq processinda formalarg`a iye bolı’wı’ tiyis. Muzı’ka pa`ninin` forması’ u`sh tiykarg`ı’ jumı’s tu`rinen turadı’`

- muzı’ka tı’n`law
- muzı’ka sawatı’
- xor bolı’p qosı’q aytı’w.

Worta klasslarda muzı’ka sabag`ı’ u`sh tiykarg`ı’ barı’sı’ du`ziledi.

1. Xor bolı’p aytı’w
2. Muzı’ka sawatı’
3. Muzı’ka tı’n`lawdan turadı’.

Baslawı’sh klasslarda bolsa sabaq barı’sı’ bo`ske bo`linedi`

1. Xor
2. Muzı’ka sawatı’
3. Muzı’ka tı’n`law
4. Muzı’kag`a ha`reketler
5. Balalar saz a`sbapları’nda qosı’lı’wdan turadı’.

Sebebi usı’ sabaq barı’sı’ negizinde baslawı’sh klass woqı’wshı’ları’nda yen` da`slep, muzı’kag`a aktiv qı’zı’g`ı’w, muzı’ka sezimlerin payda yetiw ha`m kerekli muzı’ka ta`jiriybelerdi payda yetiw tiykarg`ı’ wazı’ypa yetip qoyı’ladı’. Bul jastag`ı’ woqı’wshı’larda dı’qqat itibarı’ sayaz boladı’. Wolar ko`birek harekechen`, woyı’nshı’l boladı’. Muzı’ka sabag`ı’nda woqı’wshı’lardı’ quwnaq nama ha`m qosı’qlardı’ tı’n`law, ayttı’rı’w, wonı’n` xareketlerin islew ha`mde shertip qı’zı’g`ı’wshı’lı’g`ı’n arttı’radı’. Wog`an bolsa sabaqtan muzı’ka woqı’tı’w tu`rlerinin` maqsetke muwapı’q alması’p turı’wı’ qol keledi. Sol mene birge muzı’ka tuwralı’ jan`a tu`sinikler payda bolı’p,

muzı’kanı’ sapalı’ u`yreniwge qı’zı’g`ı’wı’ ku`sheyedi. Bunı’n` na`tiyjesinde qosı’q aytı’wı’da ha`m basqa a`meliy islerdi islewde aktivlik, obrazlı’ siyalı’q wo`zgeshelikler anı’q ko`rinip baradı’. Sabaqtı’n` kalendar` – temalı’ rejesi, da`stu`r tiykarı’ndag`ı’ muzı’ka isleri forması’na qarap, du`zilse de sabaq ha`mme waqı’t ha`m dawı’slardı’ sazlaw yaki, muzı’ka tı’n`lawdan baslanı’wı’ shert yemes. Yag`nı’y sabaqtı’n` du`zilisi, forması’ wo`zgermes temalı’ dizimde yemes, balki temalı’ rejedegi shı’g`armalardı’ wo`zlestiriw ushı’n muzı’ka islerin qaysı’ birinen baslap, qaysı’ tu`rinen tamam bolsa da, balalardı’ muzı’kag`a ha`m sabaq mazmunı’na ko`birek qı’zı’qtı’ra alı’w ha`m pedagogikalı’q maqsetke na`tiyjeli yerisiw mu`mkinligi kerek. Demek, sabaqta qolllanı’latug`a`ı’n ha`r bir muzı’kalı’q islerdin` tu`ri sabaqtı’n` ayrı’lmas bir bo`legi bolı’p, wonı’n` pedagogikalı’q maqsetke qaratı’lı’wı’ kerek. Na`tiyjede balalarda muzı’kalı’q ta`rbiya menen qa`liplesip, muzı’kanı’ isskustvo sı’patı’nda estetik ta`repten sanalı’ obrazlanı’wı’ na`zerde tutı’ladı’.

Sonı’n` menen birge yen` da`slep muzı’ka woqı’tı’wshı’nı’n` ta`rbiyası’nda milliylikke itibar beriw kerek. Wol wo`zinin` milliy da`stu`rleri arqalı’ wo`z watang`a xalqı’na bergen sadı’qlı’q sezimine iye boladı’. Ana, watanı’n su`yedi, ardaqlaydı’. Sonday – aq muzı’ka woqı’tı’wshı’sı’nı’n` ruwxı’y sezimlerin qa`liplestiriwde`

1. Muzı’kalı’q, tariyxı’y, teoriyalı’q ha`m a`meliy bilimler menen ta`jiriybelerdi pedagogikalı’q ta`lim basqı’shı’nda qollaw.
2. Qaraqalpaq milliy muzı’ka da`stu`rlerinin` milliy, ruwxı’y mazmunı’nda, obrazlarda atqarı’w ha`m jetkerip beriwde ha`r qı’ylı’ metodlarda wo`zlestiriw.
3. Ruwxı’y ag`artı’wshı’lı’q islerinde wolardı’ sho`lkemlesiwine milliy qosı’qlarda repertuarlar taryalaw.

Arnawlı’ sho`lkemlerge tek qaraqalpaq milliy qosı’qlar yemes, ba`lki basqa xalı’q qosı’qları’nda kirgiziw.

4. Xalı’q qosı’qları’na estrda qosı’qları’na yaki basqa janrg`a qı’zı’qqan woqı’wshı’lardı’ sabaqtan tı’s muzı’kalı’q do`gereklerge shaqı’rı’w ha`m wolardı’ ruwxlandı’rı’p barı’w.

5. Muzı’ka ma`deniyatı’ tuwralı’ sa`wbetler, koncertler, ushı’rası’wlar wo`tkeriw.

Qosı’q namalardı’ aytı’p tı’n`lap tu`sinip basqı’shpa – basqı’sh u`yrenip barı’w woqı’wshı’larda ruwxı’y jetiskenlikti qa`liplestiredi. Bizge wonı’n` bolg`anı’, keyingi jı’lları’ ta`jiryibeli metodlar, alı’mlar ha`m a`meliyachı’lar. Mug`alimlerdin` woqı’w processı’na dodalaw tarawı’nda wo`tkerilgen izertlew islerinde sabaq na`tiyjeligin ası’rı’w, peldagogikalı’q ha`m didaktikalı’q mu`mkinshiliklerine baylanı’slı’ yekenligin ko`rsetip atı’r. Yen` kerekli mu`mkinshilikler to`mendegilerden`

1. Sabaqlı’qlar, qollanbalar, da`stu`rler, usı’nı’slar, didiktikalı’q ha`m metodı’n ko`rgizbe qurallar ha`m texnikalı’q qurallardan paydalanı’w

2. Klassta qolay psixologiyalı’q ı’qlı’m bolı’wı’.

3. mug`alim menen woqı’wshı’lar arası’nda wo`z – ara jaqsı’ mu`na`siybette bolı’w.

Usı’ pedagogikalı’q mu`mkinshiliklerge a`mel yetip sabaqtı’n` maqseti ha`m teması’, tuwrı’ sho`lkemlestirilse sabaq sı’patlı’ ha`m na`tiyjeli bolı’wı’ mu`mkin.

Muzı’ka sabag`ı’nda, muzı’ka ta`rbiyası’nda, muzı’ka ma`deniyatı’nı’n` wo`zi – wo`zine ko`rgizbeli qural bola aladı’. Sebebi, wol wo`zi qolı’ menen yemes, ba`lki qulag`ı’ menen yesitedi. Muzı’ka tı’n`lawda da, shı’g`arma dodalang`anda yaki analiz yetilgende de nama ko`rgizbe retinde shertip ko`rsetiledi. Woqı’tı’wshı’nı’n` wo`zi atqarı’wı’da tiykarg`ı’ ko`rgizbe bolı’p yesaplanadı’. Bulardan tı’sqarı’, texnikalı’q, ko`rgizbeli kartchkalar grafik jazı’wlar, suwretler, nota jazı’wları’ da muzı’ka ma`deniyatı’ sabag`ı’nda ko`rgizbe sı’patı’nda u`lken a`hmiyet atqaradı’.

Woqı’w materialları’nı’n` balalar bilim ha`m ta`jiriybelerine saylı’g`ı’ principi. Usı’ princip, da`stu`rlerden tan`lap alı’ng`an woqı’w materialları’ ha`m usı’ metodik materiallar ttiykarı’nda sabaq mazmunı’n du`ziw processinde qollanı’ladı’. Bulda ha`r bir klasstı’n` ha`mme bilim ha`m ta`jiriybe da`rejesi yesapqa alı’nı’wı’ sha`rt. Da`stu`r tiykarı’nda ha`r bir klasstı’n` bilim ha`m ta`jiriybeleri yesapqa alı’ng`an jag`dayda, muzı’ka sabag`ı’nı’n` jı’llı’q kalendar teması’nda reje du`ziledi. Kalendar temalı’ is rejesin du`zgende woqı’wshı’lardı’n` jas wo`zgesheligi muzı’ka woqı’wı’na jan`a qosı’qlar, muzı’ka tı’n`law ushı’n, shı’g`armalar, muzı’ka sawatı’ndag`ı’ woqı’w materialları’, sabaq islerine qarap du`ziledi. Muzı’ka sabaqları’nda bilim ha`m ta`jiriybelerinin` bekemligin a`melge ası’rı’wdı’n` yen` tiykarg`ı’ sha`rti, joqarı’da aytı’lg`an maqsetlerge za`ru`r a`mel qı’lı’nı’wı’ kerek.

Da`stlep bilim ha`m ta`jiriybelerdin` teren`ligi, bekkemligi ha`m wo`mirden alı’ng`anlı’g`ı’n ta`miynlew kerek, yag`nı’y usı’ shı’g`armanı’ ha`m wonı’n` atqarı’w usı’lları’nan, ma`deniy wo`mirimiz ushı’n za`ru`r yekenligi tuwralı’ balalarg`a isenim payda bolı’w kerek.

Da`stu`r tiykarı’nda shı’g`armalardı’ to`mendegilerge a`mel yetiliwi kerek.

1. Shı’g`armalardı’n` balalardı’ ko`rkem ha`m a`dep – ikramlı’lı’q ta`rbiyası’n ushı’n sı’ylı’g`ı’

- muzı’ka ta`liminin` wo`gesheligi
- klasstag`ı’ ba`rshe balalardı’ usı’ shı’g`armag`a qı’zı’qtı’rı’p ha`m tolı’q wo`zlestiriwge yerisiw.

Sabaqta alı’natug`ı’n bilimler aylanası’ ha`m ta`g`jriybelerin a`meliyatta ta`kirarlaw ha`m bekkemlew. Ma`selen qosı’qlardı’ bo`leklerge bo`lip u`yretiw ha`m keyingi sabaqlarg`a bekkemlep qaytalaw.

Muzı’ka sabag`ı’nda ha`r bir jan`a bilim yelementi sabaq barı’sı’nda tolı’q u`yrenilip keyingi sabaqlarda ken` qollanı’lı’p ha`mme waqı’t bul bilimge aylandı’rı’ladı’.

Juwmaqlap aytqanda pedagogikalı’q didaktikalı’q maqsetleri, muzı’ka ma`deniyatı’ sabaqları’nda a`hmiyetli bolı’p, muzı’kanı’ turmı’s menen baylanı’stı’rı’w u`lken a`hmiyetke iye.

Muzı’ka ma`deniyatı’ sabag`ı’n woqı’tı’wdı’n` formaları’nı’n` bir i vokal xor a`meliyatı’. Xor bolı’p aytı’w quramalı’ psixologiyalı’q-fiziologiyalı’q process bolı’p yesaplanadı’. Muzı’ka sabaqları’nda vokal xor isleri, woqı’wshı’lardı’ a`deplilik, estetikalı’q ta`rbiyası’ ushı’n woqı’tı’wdı’n` yen` aktiv forması’. Xor bolı’p qosı’q aytı’w woqı’wshı’lardı’n` dı’qat itibarı’n ku`sheytiredi, yeslewi, so`ylew ma`deniyatı’ rawajlanadı’. Dawı’s diapazonı’ ken`eyedi, muzı’ka uqı’bı’ wo`sedi, mutaciya waqı’tı’ jen`il wo`tedi, du`n`yag`a ko`z-qarası’ qa`liplesip baradı’. Vokal xor ta`jriybeleri muzı’ka sabag`ı’nda u`lken a`hmiyetke iye. A`sirese, xor shı’nı’g`ı’wları’nda woqı’wshı’lardı’n` dı’qqat itibarı’, sana sezimlileri ha`m aktivligi asadı’. Muzı’kanı’n` yeslew qa`bileti jaqsı’ rawajlanadı’ ha`m u`yrengen qosı’qları’n atqarg`anda quwanı’w sezimi payda boladı’. Qosı’q aytqanda tvorchestvolı’q, atqarı’wshı’lı’q ku`sheyedi ha`m doslı’q ja`miyeti birlesedi ha`mde balalardı’ kollektiv penen baylanı’sı’ jaqsı’lanı’p, doslı’q sezimleri ku`sheyip baradı’. Qosı’qtı’n` saz ma`nisi ha`m nama ı’rg`ag`ı’n teren` tu`sinip jetedi ha`m shı’g`armanı’ mazmunı’ arqalı’ turmı’stı’ u`yretedi. Joqarı’da aytı’p wo`tilgen na`tiyjelere yerisiw ushı’n to`mendegi vokal xor ta`jriybelerin qa`liplestirip barı’w ha`m xor bolı’p qosı’q aytqanda bularg`a qattı’ a`mel yetiw kerek. Sebebi, tek vokal xor ta`jiriybeleri arqalı’ g`ana jag`ı’mlı’ ha`m ı’rg`aqlı’ bir, taza, xor dawı’sları’na yerisiw mu`mkin.

Vokal xor ta`jiriybeleri to`mendegilerge ajı’ratı’ladı’, yag`nı’y a`mel yetiledi. Bular`

- sabaqta qosı’q aytı’w
- qosı’qshı’lı’q dem alı’w
- dawı’s payda yetiw
- sazlanı’w
- ansambil`

- tuwrı’ ayta biliw

Sabaqta qosı’q aytı’wdı’n` jag`dayı’, bul woqı’wshı’lardı’n` wotı’rı’wı’ ha`m tuwrı’w aytı’w jag`dayı’n ko`zde tutamı’z. Wotı’rı’p yaki turı’p qosı’q aytqanda bas, qol ha`m ayaqlardı’ qanday qoyı’wı’ tuwralı’ woqı’wshı’larg`a tu`sinidiriw ha`m ba`rhama baqlap tuwrı’w, yesletip turı’wdan turadı’. Usı’ ta`jiriybenin` qag`ı’ydaları’ gewdeni tuwrı’ tutı’w, wotı’rg`anda partag`a su`yenbey, jelkelerdi jen`il kerip, moyı’ndı’ ha`m bastı’ tuwrı’ uslaw, qollardı’ tize u`stine qoyı’p, ayaqlardı’ tuwrı’ qoyı’p yerkin atqarı’w jag`dayı’nan turadı’.

Qosı’q atqarg`anda dem alı’w menen fiziologiyalı’q dem alı’w wortası’nda belgili da`rejede parq yetedi. Fiziologiyalı’q dem alı’wg`a bala tuwı’lg`annan tabiyg`ı’y a`mel yetedi, ha`m anı’q bir ritmge, belgili bir waqı’t aralı’g`ı’nda payda boladı’. Qosı’q aytı’wda bolsa dem alı’w tez, qı’sqa waqı’t aralı’g`ı’nda ju`z beredi. Dem alı’w ha`m wonı’ shı’g`arı’w qosı’q buwı’nları’nı’n` sozı’mlı’lı’g`ı’na, uzaqlı’lı’g`ı’na ha`m xarakterinin` belgileniwine qarap sozı’ladı’. Dem alı’w ritmi aytı’lı’p atı’rg`an qosı’q xarakterine qarap wo`zgeri turadı’ ha`m tabiyg`ı’y ma`nisine qarag`anda biraz chuqı’rlaw dem alı’nadı’. Qosı’qshı’lı’q dem alı’nı’wı’nı’n` ko`kirek, diafragma ha`m qarı’n dem alı’w tu`rleri bar.

Kishi klass balaları’nı’n` ko`kirek dem alı’wı’ tarlaw, qı’sqalı’g`ı’ sebepli, wolar demdi ko`kiregi menen aladı’. Sol sebepli qosı’q aytqanı’nda jelkelerin ko`terip, ası’g`ı’p ha`m qosı’q buwı’nları’n bo`lip dem aladı’. Sonı’n` ushı’n balalardı’n` jelkelerin ko`termesten, a`ste, arqayı’n dem alı’wı’ ha`m wonı’ qosı’q qatarı’nı’n` aqı’rı’na deyin bir tekis aqı’rı’na jetkeriw, so`zdi bo`lip dem almawdı’ u`yretip barı’lı’wı’ kerek. Dem alı’w ta`jiriybesin u`stinde yeslew processi balalar dı’qqatı’n dawı’slardı’n` tı’nı’q, jag`ı’mlı’ yestiliwine qaratadı’. Bunı’n` ushı’n jen`il, an`sat ha`m a`piwayı’ dem alı’wg`a u`yretiledi. A`ne sol ta`jiriybeni a`melge ası’rı’wda sabaqlı’qlarda, qollanbalarda usı’nı’lg`an

vokal xor shı’nı’g`ı’wları’n aytı’w, balalar xorları’nda aytı’lg`an qosı’qlardı’ texnik apparatlar arqalı’ tı’n`law siyaqlı’ a`meliy islerde qa`liplestirip barı’ladı’.

Woqı’wshı’lar ha`m shı’nı’g`ı’wlar ha`m qosı’qlardı’ atqarg`anda mug`alimlerdin` qolı’na qarap dem alı’wg`a ha`m wonı’ ekonomlap, a`ste qatar aqı’ran deyin jetkiziwge a`detlenip baradı’. A`sirse dirijerlı’q poziciyaları’ «dı’qqat», «auftakt», atqarı’wdı’ baslawg`a ha`m tamamlawg`a a`mel yetip qosı’q aytı’wg`a u`yretiw demdi rejege salı’w ushı’n a`hmiyetli. Woqı’wshı’lar demi jetiwinin` mu`mkinshiliklerin yesapqa alı’p shı’nı’g`ı’w ha`m qosı’qlarda dem alı’w jerleri aldı’nnan belgilep qoyı’ladı’ ha`m wolardı’ u`yretiw processinde a`melge ası’rı’ladı’.

Ma`selen: bunda sabaqtı’n` sistemalı’lı’q principin yesleymiz, sabaq wo`tiwde ha`m qosı’q aytı’wdı’ u`yretemiz, xordag`ı’ dawı’slardı’ yesitemiz (nama tı’n`law) ha`m de dinamikalı’q belgiler dem alı’w belgisi (muzı’ka sawatı’) u`sh a`meldi, a`melge ası’rg`an bolamı’z.

Dawı’stı’ payda yetiw quramalı’ psixologiyalı’q, fiziologiyalı’q process. Ol dawı’s apparatı’ (kegirdek) ha`m wonı’n` ishindegi konus siyaqlı’ yeki dawı’s perdesinin` dem (wo`kpe, traxeya, ko`kirek bo`legi) ha`m yesitiw apparatları’nı’n` birgeliktegi a`meliyatı’nda payda boladı’. Tamaqta payda bolg`an dawı’s ku`shsiz ha`m xı’shshı’llap dawı’s berip, wonı’n` so`ylew dikciyası’ apparatı’, a`sirese murı’n boslı’g`ı’ aralı’g`ı’ qozg`alı’wı’ ku`sheyedi, ha`m wo`zine say tembr ha`m dawı’slı’ wo`zgesheligine iye boladı’. To`rt organ – dem, dawı’s, funkciya ha`m yesitiw apparatları’nı’n` wo`zara islerindegi muzı’kalı’q ı’rg`aqta aytı’latug`ı’n dawı’s qosı’qshı’lı’q hawazı’ dep aytı’lı’p usı’ to`rt apparattı’n` birgeliktegi qosı’qshı’lı’q apparatı’ delinedi.

Birinshi klass woqı’wshı’ları’nı’n` dawı’sları’n qı’ynap almaw ushı’n qosı’q aytı’wdı’n` primar (sol`, lya) boladı’, ishshi diapazonı’ (mi, si).

Ulı’wmalı’q diapazonı’ (re, do) bolı’p, bularg`a wo`z waqtı’nda a`mel yetiw kerek.

Woqı’wshı’lardı’ bas rezanatorı’na tiykarlang`an fal`cetke jaqı’n dawı’sta aytadı’. Wolar qosı’q aytqanda tek jumsaq attaka menen baslaw kerek. Bulardı’ woqı’tı’wshı’ baqlap tuwrı’wı’ kerek.

Sazlanı’w, ha`r bir balanı’n` berilgen muzı’ka dawı’sı’n anı’q tu`siniw, wo`z dawı’sı’n wog`an sazlap qosı’q aytı’w, sazlanı’wı’ degendi bildiredi. Basqasha yetip aytqanda sazlanı’w, belgili bo`lingendegi dawı’stı’ anı’q intonaciya qı’lı’w degeni. Bular kerekli ta`jiriybe bolı’p yesaplanadı’, sebebi baslawı’sh klasslardag`ı’ vokal xor islerinin` tiykarg`ı’ maqsetlerinen biri taza dawı’slı’ aytı’wg`a yerisiwden ibarat. Sonı’n` ushı’n birinshi sabaqtan baslap balalarda sazlanı’sh ta`jiriybelerin rawajlandı’rı’w tuwralı’ sistemalı’ jumı’s alı’p barı’ladı’. A`sirese, mug`allim to`men rawajlanı’p atı’rg`an balalarg`a itibar ku`sheytiriledi. Wolardı’ woqı’tı’wshı’ dawı’sı’na, saz a`sbapları’nan saz ushı’n berilip atı’rg`an dawı’sqa ha`m talantlı’ balalar dawı’sı’na qosı’lı’wı’ ha`m dawı’s biyikligi menen birlesiwi yag`nı’y ten`lesiwge shaqı’radı’ ha`m intonaciyalı’q taza sazg`a yerisiledi, ha`m bir biyilikte aytı’latug`ı’n shı’nı’g`ı’wlar arqalı’ a`melge ası’rı’ladı’.

Ansambl`–framuuzsha so`z bolı’p birgelikte degen mag`nanı’ an`latadı’. Wol muzı’ka, balet, arxetiktura isskustvoları’nı’n` qag`ı’ydaları’nan biri. Muzı’kada bir neshe atqarı’wshı’lardı’n` birgeliktegi atqarı’wı’ ansambl` delinedi.

Xorda bolsa ba`rshe qosı’qshı’lardı’n` saz birligi, atqarı’w tempi, ritm – usı’lı’ ha`m dinamik alı’p birligi vokal xor ansambli delinedi. Ansambl jeke ha`m ulı’wma bolı’p bo`linedi. Xordag`ı’ ba`rshe atqarı’wshı’lardı’n` bir dawı’sqa sazlanı’p, ha`mme bir namada ansambil` bolı’p yeki yaki u`sh dawı’sta aytı’w ulı’wmalı’q ansambl` delinedi. Ha`r bir dawı’stı’ jek – jeke sazı’ ansambli jeke ansambl` delinedi. Saz ha`m ansabl` birligi uzaq is processin talap yetedi ha`m

sonda birinshi klassqa tiykarg`ı’ maqset qoyı’lg`an taza u`sh sang`a yerisiw mu`mkin boladı’.

Qosı’q aytı’wda tuwrı’ ayta biliw so`ylew dikciyası’n qarwı’ bar. Bul da artikulyaciya organları’ aktiv xaraketindegi birligi, wonı’n` ja`rdeminde tuwrı’ aytı’wg`a yerisiw mu`mkin. Balalardı’n` so`ylewinde ku`shsizlik dawı’stı’ qı’sı’p so`ylew, na`tiyjede xorda baqı’rı’p aytı’w kemshilikleri payda boladı’. Wonday balalarg`a itibarlı’ bolı’w ha`m wolar menen uzaq waqı’t jeke is alı’p barı’w, ası’qpay yerkin so`ylew ha`m atqarı’wg`a shaqı’rı’w kerek. Yen` keregi balalardı’ shı’nı’g`ı’w ha`m qosı’qlar tekstin` vokal usı’lı’nda aytı’wg`a u`yretip barı’w kerek.

## 1.3.Woqı’tı’wshı’nı’n` balalarg`a muzı’ka obrazları’n u`yretiwi.

Muzı’kanı’n` shı’g`armalardı’n` obrazları’n woqı’tı’wshı’nı’n` anı’q tu`siniwi ha`m balalarg`a u`yretiwi ushı’n mı’sallar tayarlawı’ kerek boladı’. Sonı’n` ushı’n woqı’tı’wshı’ wo`zinin` tayarlanı’w waqtı’nda ko`p izleniwi, salı’stı’rmalı’ tu`rde muzı’kalı’ shı’g`armalardı’ tan`lap alı’wı’,yen` baslı’sı’ wo`zinin` jaqsı’lap tayarlanı’wı’ kerek boladı’. Woqı’wshı’lardı’n` muzı’ka haqqı’ndag`ı’ bilim da`rejesin arttı’rı’w, muzı’kag`a bolg`an qa`biletlerin rawajlandı’rı’wda muzı’ka tı’n`lawdı’n` a`hemiyeti wog`ada u`lken haqı’yqatı’nda da woqı’wshı’ sabaqtı’n` barlı’q elementleri dawı’slardı’ sazlaw, xorda qosı’qtı’ notag`a qarap aytı’wda ushı’rasatug`ı’n dinamikalı’q wo`zgerisler, temp, wo`lshem, al`teraciya belgileri, metr, ritm, muzı’ka menen ha`reket islew, balalar saz-a`sbapları’nda jen`il namalardı’ atqarı’w sheberligi de muzı’ka tı’n`law barı’sı’nda qa`liplestirip baradı’. Muzı’kadag`ı’ qosı’q, woyı’n ha`m marsh janrı’ balalardı’ tu`rli quramalı’ shı’g`armalardı’ tı’n`lap biliwge u`yretedi.

Mı’salı’: kishkene qosı’qtan operag`a; ayaq woyı’nnan-baletke; al marshtan-u`lken saltanatlı’ simfoniyalı’q shı’g`armalardı’ tı’n`lap tu`siniwge alı’p keledi. Mug`allim woqı’wshı’larg`a nama tı’n`latı’w arqalı’ shı’g`armanı’n` xarakterin, ne haqqı’nda aytı’lı’p atı’rg`anı’n tu`sindirip u`yretiw kerek. Negizinen muzı’ka bul ses wo`neri, sonlı’qtan wol du`n`yada ses shı’g`ara alatug`ı’n ko`p na`rsenin` ha`mmesi bolmasa da, bizdi qorshap turg`an worta menen ta`biyattag`ı’ ko`plegen seslerdi jan`g`ı’rtı’p qaytalap bere aladı’.

Kompozitorlar tu`rli muzı’kalı’q a`sbaplardı’n` ha`r qı’ylı’ usı’lı’n qollanı’p geyde wonı’n` jan`a tu`rlerin woylap tawı’p ta`biyi seslerdi uqsatı’p tı’n`lawshı’g`a muzı’ka ne haqqı’nda aytı’p atı’rg`anı’n jetkizip bere aladı’. Mı’salı’: «G`arg`anı’n` uyası’» (Vorob`inoe gnezdo) operası’ndag`ı’ baqtagı’ seyil qurg`an ko`rinisti alatug`ı’n bolsaq, xor menen aytı’latug`ı’n «Ku`n tu`nerip qiyatı’r» degen so`zlerdi anı’qlap yesite almasaqta orkestr woynaytı’n muzı’kadan ku`nnin` ku`rkirewine uqsas qorqı’nı’shlı’ akkordlardan anı’q biliwge boladı’. Sonday-aq Rimskiy-Korsakovtı’n` «Shexerazada» atlı’

simfoniyalı’q shı’g`arması’n tı’n`lag`anda, balalarg`a tu`sindirip wotı’rmay-aq ten`izdegi dawı’ldı’n` bastalg`anı’n namadag`ı’ ku`shtin` barg`an sayı’n quramalası’p ten`iz tolqı’nı’nı’n` xarakterin yesitiwge boladı’. Betxovennin` «kewilli» ha`m «kewilsiz» degen yeki so`zden turatug`ı’n p`esası’ bar. Bul yeki p`esalarda da insang`a ta`n bolg`an quwanı’shtı’n` qayg`ı’nı’n` izin ko`riwge boladı’. Muzı’kanı’ ha`r adam wo`zinshe tı’n`lap, wonı’ wo`zinshe tu`sine aladı’. Birewler «kewilli», «kewilsiz» p`esalardı’ tı’n`lay wotı’rı’p wo`zinin` balalı’q shag`ı’n, al geybirewler wo`zlerinin` wo`mirinde ushı’rasqan ku`lkili, wo`kinishli waqı’yaları’ menen baylanı’stı’rı’p wotı’rı’wı’ mu`mkin. Solay bolsada muzı’kanı’n` wo`zin ko`p sebeplerge, wonı’n` ishinde hal-awxalı’mı’z benen kewil ku`yimizge baylanı’slı’ ha`r adam wo`zinshe qabı’llaydı’.

Ko`plegen kompozitorlar bunday qarama-qarsı’lı’qtı’n` wo`mirde qanday rol` atqaratug`ı’nı’n bile wotı’rı’p wo`zlerinin` shı’g`armaları’nda qollana bilgen. Muzı’kanı’ qabı’llaw ko`binese tek muzı’kag`a g`ana yemes, insannı’n` wo`zinede baylanı’slı’ bolı’p keledi ha`m bul neni tı’n`lawg`a yemes, al wonı’ qalay tı’n`lay biliwge Betxovennin` «Kewilli» ha`m «Kewilsiz» p`esaları’ barlı’q waqı’tta birge atqarı’ladı’. Birinshi «kewillisi» son`ı’nan «kewilsizi», wonnan keyin tag`ı’ «kewillisi» atqarı’lı’wı’ tiyis. Bul shı’g`armalarda insan quwanı’shsı’z da, qayg`ı’sı’z da wo`mir su`re almaydı’, biraq quwanı’sh adamg`a kerekli, wol adamdı’ ku`sh g`ayratlı’ yetedi. quwanı’sh qay waqı’tta da qayg`ı’-qa`siretti jen`ip shı’g`ı’wı’ tiyis dep shı’g`armanı’n` xarakterin beredi. Muzı’kanı’n` xarakterin, obrazı’n ashı’p beriwde tag`ı’ bir shı’g`armag`a toqtap o`tsek boladı’. Bul Betxovennin` «Lunnaya sonata»sı’.




«Su`wretke bir qarag`annı’n`wo`zinde-aq barlı’g`ı’ tu`sinikli boladı’, al muzı’kanı’ tu`siniw ju`da` qı’yı’n, wol ushı’n ko`p biliw kerek»-dep ataqlı’ kompozitor D. Kabalevskiy aytqanı’nday muzı’kanı’ tı’n`lap, wonı’ durı’s qabı’llaw ushı’n kompozitorlar ha`m wolardı’n` shı’g`armaları’ haqqı’nda qansha ko`p bilsek, wolardı’n` muzı’kası’ ha`r birimizge sonshellik jaqı’n ha`m tu`sinikli bolar yedi. Betxovennin` «Aylı’ sonatası’n» «(Lunnaya sonatası’n)» joqarı’ klass woqı’wshı’ları’na alı’p tı’n`latsaq boladı’. Bul shı’g`arma bası’nda «Sonata-fantaziya» dep, al kompozitor qaytı’s bolg`annan keyin Lyudich Rel`shtab degen shayı’r ta`repinen atı’n «Aylı’ sonata» dep wo`zgertken.

Shı’g`armanı’n` jazı’lı’w tariyxı’n bilmey turı’p namanı’ tı’n`lasaq ta adamdı’ wo`zine tartı’p qanday da bir ku`sh, sezim payda yetedi. Balalarg`a bul shı’g`armanı’ tı’n`latı’p son`ı’nan alg`an ta`sirlerin wortag`a taslap sa`wbet ju`rgiziw kerek, yag`nı’y sonatanı’ tı’n`lag`anda kim? neni? ko`z aldı’na keltiredi. Son`ı’nan barı’p shı’g`armanı’n` shı’g`ı’w tariyxı’n tu`sindiremiz.

L. Betxoven wotı’z jaslar shaması’nda wo`zinin` yem qonbaytı’n awrı’wı’ tragediya menen pitetinin, ulı’wma geren` bolı’p qalatug`ı’nı’n tu`sinedi. Tap usı’ waqı’tta wonı’n` boyı’nda muhabbat wotı’ lawlap, su`yispenshilik payda bolg`anı’n sezedi. Wol wo`zinin` woqı’wshı’sı’ Djul`etta Gvichchardi degen qı’zg`a ashı’q bolı’p qaladı’. Su`yispenshilik baqı’tı’ wonı’n` awı’rı’wı’n jen`il shı’g`ı’wı’na ja`rdemlesedi dep kompozitordı’n` ju`reginde u`mit wotı’ payda boladı’. Biraq Aristokrat sem`yası’nda ta`rbiya alg`an qı’z Betxovennin` jarlı’ jerden shı’qqanı’n, wonı’n` u`stine qulag`ı’nı’n` yesitpeytug`ı’nı’n betine bası’p mensinbeydi. qı’z  wonı’n` mug`allimnin` danı’shpanlı’g`ı’n tu`sine almaydı’.

qı’z teris qarap, Robert Gallenberg degen wo`zi qa`bileciz, biraq wo`z da`wirinin` modalı’ muzı’kası’n jazatı’n, wonı’n` u`stine wo`zi graf jigitke ku`yewge shı’g`adı’, bul waqı’ya Betxovennin` janı’na qattı’ batı’p, ju`regin jaralaydı’.

Betxoven jaqsı’ muzı’kant ruwxı’y qudireti ku`shli adam bolg`an wonı’n` bası’nan keshirgen qayg`ı’-qa`siretin jen`iletetug`ı’n ja`rdemshisi ten`i joq muhabbatı’ bolg`an «Aylı’ sonata» wonı’n` wo`mirinin` usı’nday awı’r payı’tları’nda shı’g`arı’lg`an. Betxoven wonı’ bası’nda «Sonata-fantaziya» degen teması’nı’n` astı’na «Grafinya  Djul`etta Gvichchardig`a arnaladı’» dep jazg`an.

Usı’ namanı’n` shı’g`ı’w tariyxı’n balalarg`a tu`sindirip bolg`annan keyin qaytalap tı’n`latı’w kerek. Sonda g`ana balalarda tı’n`lang`an shı’g`armadag`ı’ kompozitordı’n` aldı’na qoyg`an maqsetin durı’s tu`sinip qabı’llawg`a imkaniyat boladı’.

Sonday-aq Betxovennin` «qaharmanlı’q simfoniyası’n» alı’p qaraytug`ı’n bolsaq bunda poeziya menen  dramaturgiyadag`ı’ Shekspir sı’yaqlı’ muzı’kada da Betxoven wo`zinin` ruwxı’y ku`shi menen, seziwi, woylawdı’n`  teren`lesiwi menen adamlardı’n` lal qaldı’radı’. Bul teppe-ten`likti danı’shpannı’n`  ullı’ shı’g`armaları’nı’n` kishkenesinen, quramalası’p ko`lemi shı’g`arması’nan da seziledi. Betxovennin` ullı’ shı’g`armaları’nı’n` biri u`shinshi simfoniyası’. Bunı’n` wo`zinshe shı’g`ı’w tariyxı’ bar. Ullı’ kompozitordı’n` tvorchestvosı’ u`lken ten`izge uqsap, yeki birdey tasqı’nda ag`ı’na bar arnag`a kelip qosadı’.

Namanı’ tı’n`lag`anda birinshi bo`liminde burı’n yesitip ko`rmegen kompozitorı’nı’n` ku`yinish zarı’, yekinshi bo`limi ashı’q kewilli bolsada, mun`lı’ ku`limsirew bar yekenin, al finalda azap penen wayı’m qayg`ı’nı’ ko`rip tı’n`lawg`a boladı’ dep balalarg`a tu`sindirse boladı’. Adam muzı’kanı’ tı’n`lag`anda a`debiy, poetikalı’q obrazlar menen, ta`biyat ko`rinisin, yamasa portrettegi su`wretler menen salı’stı’rı’p, solar menen baylanı’stı’rı’p wotı’radı’. ho`nerdin` basqa tu`rlerinen ha`m wo`mirdin` wo`zinen alı’ng`an obrazlar muzı’kanı’ durı’s tu`sinip, shuqı’rı’raq qabı’llawı’na ja`rdemlesedi.

## 2.Bap. Mektep woqı’wshı’ları’na Watan haqqı’nda qosı’qlardı’ u`yretiw usı’lları’

### 2.1. Qosı’q u`yretiw usı’lları’

Ha`r bir muzı’ka pa`ni woqı’tı’wshı’sı’ wo`zinin` ta`jiriybesinen kelip shı’qqan halda qosı’q u`yretiwdin` tu`rlishe jolları’n tabı’wı’ mu`mkin. Ha`r bir woqı’wshı’nı’n`, klasstı’n` qabı’llaw imkaniyatı’, atqarı’w uqı’plı’lı’g`ı’na qaray usı’llardı’ qollanı’wı’ tiyis.

Balalarg`a qosı’qtı’ u`yretiw payı’tı’nda balalardı’n` dawı’sı’nı’n` wo`zgesheligine ha`m vokal u`yretiw usı’lları’na su`yeniw kerek. Bul usı’l ulı’wma qollanı’latug`ı’n u`yretiw usı’lı’, yag`nı’y didaktikalı’q ha`m arnawlı’ vokal tiykarı’nda du`ziledi. Biraq bul qollanı’wlar balalar menen jumı’s islegende wo`zgesheliklerge iye boladı’. Bul wo`zgeshelikler dawı’s apparatı’nı’n` du`zilisine ha`m balanı’n` wo`sip baratı’rg`an organizmine anatomiyalı’q fizialogiyalı’q wo`zgesheligine ha`m wonı’n` psixalogiyası’na baylanı’slı’ boladı’.

Ulı’wma didaktikalı’q u`yretiw usı’lı’nı’n` tiykarı’-awı’zsha tu`sindiriw ha`m ko`rsetiw bolı’p tabı’ladı’. Muzı’ka pa`ni mug`a`llimi bul usı’ldı’ ko`birek qollang`anı’ maqul. Sebebi arnawlı’ vokal terminin balalarg`a tu`sindirgende wolardı’n` qabı’l yetiw da`rejesine qaray a`piwayı’lastı’rg`an formada ha`m wolardı’n` mu`mkinshiligine qaray jetkerip beriw kerek.

Insannı’n` emocional jag`dayı’ qosı’qtı’n` xarakterine ta`sir jasaydı’ ha`m sonı’n` menen birge ha`r qı’ylı’ sezimler (kewilli, mun`lı’, lirikalı’q, dramalı’q) sestin` wo`zgesheligin belgilep beredi. Balalarg`a qosı’q u`yretken waqı’tta usı’ obrazlar ha`m sezimlerge itibar berip ha`m baylanı’stı’rı’w kerek. Bul qosı’q u`yretiw sapası’nı’n` da`rejesin ko`teredi. Qosı’qtı’ jaqsı’ aytı’w tek yesitiw qa`bileti menen baylanı’slı’ bolı’p qalmastan, sonı’n` menen birge rezonatorlarg`a da baylanı’slı’ boladı’.

U`lken adamlar menen balalar bulshı’q yet sezimleri ha`r qı’ylı’ boladı’, a`sirese bul dem alı’w organları’nda anı’q bilinedi. Balalar dem alı’w organı’

du`zilisinin` wo`zgesheligine baylanı’slı’ wolarda ko`kirek dem alı’w usı’lı’nan paydalanı’ladı’. Sonı’n` ushı’n qosı’q u`yretiw barı’sı’nda qosı’q pa`ni woqı’tı’wshı’ları’ usı’ usı’ldı’ qollang`anı’ maqul boladı’. Son`ı’nan to`mengi qabı’rg`a, yag`nı’y diafragmalı’q dem alı’w usı’lı’na wo`tiledi. Balalardı’n` dawı’s sapası’nı’n` jaqsı’ bolı’wı’ mug`a`llimnin` sesti durı’s aytı’p ko`rsetiwine baylanı’slı’ boladı’. Wwoqı’wshı’larg`a vokal usı’lları’n u`yretiwde woqı’tı’wshı’ wo`z dawı’sı’ menen ko`rsetip beriwi ju`da` u`lken a`hmiyetke iye bolı’p tabı’ladı’, usı’ ko`rsetip beriw arqalı’ woqı’wshı’larda yeliklew uqı’bı’ qa`liplesedi. Solay yetip, a`ste-a`ste balalarda so`ylew yeliklewi ha`m qosı’q aytı’w yeliklewi payda boladı’. Mug`a`llimnin` professional da`rejede qosı’q aytı’p ko`rsetip beriwi balalarda tek dawı’stı’n` sapası’n yemes, al sonı’n` menen birge emocionallı’q ha`m estetikalı’q sezimlerin wwoyatadı’, sestin` xarakterin, akcentlerin, tembrin, unamlı’ ha`m unamsı’z ta`replerine yelikleydi.

Sonı’n` ushı’n muzı’ka mug`a`llimi qosı’qtı’ aytı’p ko`rsetiw da`wirinde to`mendegi talaplarg`a tiykarlanı’wı’ tiyis.

1.Tolı’q ha`m akademiyalı’q aytı’w sapası’na yerisiw.

2.Sestin` unamsı’z ta`repi: tamaq, murı’n sesleri ha`m forsirovkag`a jol qoymaw;

3.Balalarg`a dawı’sı’ xarakterine maksimal da`rejede jaqı’nlastı’rı’w.

Yeger de woqı’tı’wshı’-tenor, tamaq rezonatorları’n ko`birek islese, wonda balalar dawı’sı’na jaqı’nlatı’p, yamasa fal`cet penen aytı’p u`yretiwi lazı’m. Sonday-aq mecco-soprano, bas, soprano dawı’sları’ da balalarg`a qosı’q u`yretken waqı’tta usı’ wo`zgeshelikke dı’qqat awdarı’wı’ kerek ha`m qosı’qtı’ u`yretken waqı’tta durı’s artikulyaciyag`a da itibar qaratı’w kerek.

Artikulyaciya-bul latı’n so`zinen alı’ng`an bolı’p «bo`leklerge bo`lemen» degen ma`nini an`latadı’, so`zdin` durı’s ha`m anı’q bolı’p shı’g`ı’wı’n ta`miynleydi. Bul dawı’s apparatı’nı’n` ja`rdeminde iske ası’rı’ladı’. Balalardı’n` fiziologiyalı’q du`zilisi boyı’nsha dawı’s apparatı’ ha`lsiz boladı’, sol sebepli dawı’s organı’n durı’s qollanı’wda dem alı’w usı’lları’n baylanı’stı’rı’w tiyis. Qosı’q woqı’tı’wshı’ları’nı’n` woqı’tı’w da`rejesi joqarı’

ha`m na`tiyjeli bolı'wı' ushı'n vokal woqı'tı'wdı'n` tiykarg`ı' usı'lı'n jaqsı' biliwleri sha`rt. Xordı'n` ha`r bir shug`ı'llanı'wı' anı'q ko`rsetilgen waqı'tta baslanadı'. Sabaq dawı's sazlaw ko`nlikpelerinen baslanı'p, wolar menen baylanı'slı' bolg`an xor sol`fedjiosı' menen dawam yettiriledi. Son`ı'nan, a`dette, qosı'q naması' shertip ko`rsetiledi. Bul basqı'shqa ulı'wma sabaqtı'n` wo`tkeriliwi ko`p jag`dayda balalardı'n` qosı'q u`yreniwge bolg`an mu`na`sebetleri, qı'zı'g`ı'wları' menen tı'g`ı'z baylanı'slı' boladı'. Muzı'ka woqı'tı'wshı'sı' qosı'qtı'n` ko`rkem mazmunı'n ashı'p beriwi, wonı'n` usı'lı'n, xarakterin tu`sindirip beriwi lazı'm. A`dette, xor shug`ı'llanı'wshı'ları'nda qosı'qtı'n` so`zleri jazı'p alı'nbaydı'. Bug`an mu`ta`jlik qalmaydı', sebebi, qosı'qtı' qatarma-qatar, qayta-qayta u`yreniw so`zlerdi ko`p ma`rte qaytalaw wolardı'n` wo`z-wo`zinen yad bolı'p qalı'wı'na alı'p keledi. Qosı'qtı'n` bir jerin qayta-qayta ta`kirarlaw balalardı'n` shı'g`armag`a bolg`an qı'zı'g`ı'wshı'lı'qları'n pa`seyttiredi. Sonı'n` ushı'n shug`ı'llanı'w ko`lemin, waqtı'n wo`z waqtı'nda toqtatı'w sha`rt. Yegerde qosı'qtı' u`yreniw awı'r bolsa, wonı' bo`lekshelerge, intervallarg`a bo`lip, toqtap-toqtap u`yretiw kerek. Qosı'qtı'n` barlı'q kupletlerin birden u`yrenip alı'wg`a ası'qpaw kerek, balalar o`zlerine bolg`an seslerdi jan`a so`zler qatnası'nda jan-ta`ni menen berilip atqaradı'.

Balalar qosı'qtı'n` tiykarg`ı' muzı'kası'n u`yrenip bolg`annan keyin ko`rkem shı'g`armag`a ko`rkem ko`rinis beriwge kirisiwge boladı'. Sonı' aytı'p ketiw kerek, aqı'rı'na shekem yadlanbag`an, ko`rkemlenbegen qosı'qtı' bastan ayaq atqarı'w zı'yannan basqa na`rse bolmaydı'. Taza qosı'q u`yretilgennen keyin, burı'n u`yretilgen qosı'qtı' qaytadan atqarı'w maqsetke muwapı'q boladı'. Bunda ha`r bir qosı'qtı' bası'nan aqı'rı'na shekem atqarı'w tiyis yemes, jaqsı'sı' wonı'n` ayı'rı'm jerlerin toparlaw usı'lı'nda dara-dara aytı'p ko`rip, sonnan keyin wolardı' interval boyı'nsha qosı'lı'p yesitiliw ma`selesi u`stinde islew mu`mkin. Shug`ı'llanı'wdı'n` aqı'rı'nda atqarı'wg`a tayar bolg`an bir yamasa yeki qosı'q atqarı'ladı'. Tayarlı'q payı'tı'nda xor atqarı'wshı'sı'nı'n` sharshap qalı'wı'na jol qoyı'lmaydı'. A`meliy isler sonı' ko`rsetedi, xor

atqarı’wshı’ları’nı’n` tez sharshap qalı’wı’ ko`birek zerigerli shı’nı’g`ı’wlar na`tiyjesinde balalar menen insanı’y mu`na`sebetlerimizdegi ashı’q kewillilik, wo`zine tartı’wshı’ ta`replerimizdin` bolmawı’nan kelip shı’g`ı’wı’ mu`mkin.

Mektep woqı’wshı’ları’na qosı’q u`yretiw barı’sı’nda wolar ushı’n qı’yı’nshı’lı’q tuwdı’ratug`ı’n mashqalalardı’n` biri-bul muzı’ka materialı’n tez yeslep qalı’wı’ ha`m muzı’kalı’ obrazdı’ jaratı’p beriw bolı’p tabı’ladı’. Woqı’wshı’lar qosı’q sabag`ı’nda qosı’q aytı’p, qı’sqa waqı’t ishinde qosı’q tekstin yadlap alı’wı’ kerek boladı’. Bul qı’yı’nshı’lı’q tuwdı’radı’. Qosı’q yadlawda, yamasa basqada muzı’kalı’q materiallardı’ u`yretiwde yeki usı’l bar: menshiklikten pu`tinlikke, pu`tinlikten menshiklikke wo`tiw. Birinshi jag`dayda, shı’g`arma yamasa fragment bası’nan ayag`ı’na shekem dara-dara yadlanı’p keyingi bo`limge de qosı’p yadlanadı’. Yadlawdı’n` basqada bir usı’lı’-bul materialdı’ basta talqı’lap alı’p ha`r bir fraza sanaladı’, uqsas metivler salı’stı’rı’lı’p, wolardı’n` ayı’rmashı’lı’g`ı’ pu`tin bir shı’g`armanı’ sxema sı’patı’nda ko`rip shı’g`ı’ladı’ ha`m de sol sxema boyı’nsha motivler dara-dara yadlanadı’. Motivler ko`lemi boyı’nsha wonsha u`lken bolmaydı’, sonı’n` ushı’n tez yadlanadı’ ha`m a`melde ko`p qı’yı’nshı’lı’q tuwdı’rmaydı’.

Qosı’q u`yretiwdin` tiykarg`ı’ belgilerinin` biri-bul shı’g`armanı’n` ko`rkemlik mazmunı’n ashı’p beriw, materialdı’ yesitiw qa`biletine tiykarlanı’w bolı’p yesaplanadı’. Qosı’q yadlawdı’n` menshiklikten pu`tinlikke wo`tiwinde bizler ko`binese materialdı’ yadlap bolg`annan keyin talı’qlaymı’z.sonı’n` ushı’n a`melde qosı’q u`yreniwdi yeki da`wirge bo`lip qaraymı’z.

1) materialdı’ yadlaw.

2) shı’g`armanı’n` ko`rkemlik mazmunı’n u`yreniw ha`m wonı’ tazalaw.

Qosı’qtı’ yeki usı’l boyı’nsha yadlaw, bul pu`tinlikten menshiklikke wo`tip sonı’n` menen birge materialdı’n` mazmunı’n ashı’p beriw bolı’p tabı’ladı’. Bul arqalı’ woqı’wshı’lardı’ muzı’ka mazmunı’n tu`siniwge, muzı’ka du`n`yası’na jaqı’nlawg`a imkan jaratamı’z. Bunday degenimiz woqı’wshı’nı’n` qosı’q yadlawı’ menen birge wolar materialdı’ talqı’lap u`yreniwine ha`m muzı’kag`a bolg`an qa`biletin, ko`z-qarası’n bayı’tamı’z degenimiz boladı’. Usı’ usı’l

menen u`yretiw sabaqta waqı'ttı' u`nemlew menen birge balanı'n` yesinde qosı'q uzaq waqı't dawamı'nda saqlanı'p qalı'w mu`mkinshiligin tuwdı'radı'.

Muzı'kalı'q materialdı' yeslep qalı'w waqtı'nda yeki basqı'shta yadlap qalı'w basqı'shı' bar.

1) Ha`r bir frazadag`ı' uqsaslı'qları'n bir toparg`a toplaw;

2) Muzı'kanı'n` tamamlanı'wı'n talı'qlap ha`mmesin yadlap qalı'wg`a mu`mkinshilik tuwdı'rı'w.

Qosı'qtı' yadlap qalı'w ushı'n woqı'wshı'larda yesitiw qa`bileti rawajlang`an bolı'wı' kerek, qosı'qtı'n` ritmin, tembrin, sestin yesitip bilse g`ana qosı'qtı' tez yadlaw uqı'plı'lı'g`ı'na iye boladı'. Al baslawı'sh klass woqı'wshı'ları'nda muzı'kanı' yesitiw ha`m talqı'law qa`bileti to`men boladı', sonı'n` ushı'n a`melde shı'g`armanı' yamasa frazanı' bo`lip-bo`lip talqı'law kerek. Bunday usı'llardı'n` biri wonı'n` ritmikalı'q sanalı'wı'na qarap ten` bo`lip u`yretiwimiz lazı'm. Bir qosı'qlarda yeki motiv uqsas bolı'p keledi, sonı'n` beriwin g`ana yadlap qalı'p, yekinshisi qaytalanadı'. A`melde ritmi ha`r tu`rli bolg`an qosı'qlarda ushı'rası'p turadı'. Mı'salı', S.Palwanovtı'n` K.Raxmanov so`zine jazı'lg`an «Watan» qosı'g`ı'nı'n` kupletinin` ritmi menen naqı'ratı'nı'n` ritmi ha`r qı'ylı', ritmnin` wo`zgeriwi wo`lshemnin` wo`zgeriwin payda yetedi.

Bul kishkene balalar ushı'n qı'yı'nshı'lı'q tuwdı'rı'wı' mu`mkin, sonı'n` ushı'n toparlaw metodı'nda birinin` keyninen birin u`yretiw lazı'm.

Melodiyanı' yadlaw ushı'n tek bir motivti (fraza) yadlap alı'p, yekinshi ma`rte tek ta`kirarlanadı'. Bul usı'lda jumı's alı'p barı'lsa awı'rlaw qosı'qlardı' da woqı'wshı'larg`a u`yretiwge ja`rdem boladı'.

Ulı'wma bilimlendiriw mekteplerinde, liceylerde muzı'ka sabag`ı'nda qosı'qlar xor menen atqarı'lı'p, qosı'q u`yretiw usı'lları' u`sh tiykarg`ı' etaptan ibarat.

I-qosı'qtı'n` mazmunı', a`debiy teksti menen tanı'stı'rı'w;

II-qosı'qtı'n` namasın qatarma-qatar, yag`nı'y fraza menen u`yretiw;

III-qosı'qtı' bastan ayaq ta`kirarlap, bekkemlew;

Qosı’qtı’n` kewildegidey isleniwinin` sha`rtlerinin` biri woqı’tı’wshı’nı’n` u`yretiletug`ı’n qosı’qtı’ puxta, wo`zlestiriwinde bolı’p tabı’ladı’. Woqı’tı’wshı’nı’n` qosı’q u`stinde islewi yeki da`wirden ibarat:

1) aldı’n-ala qosı’q penen tanı’sı’p shı’g`ı’wı’;

2) Qosı’qtı’ woqı’wshı’larg`a u`yretiw.

Qosı’q aytı’wdı’ tez ug`ı’p, u`yreniw ha`r bir woqı’wshı’nı’n` individual wo`zgesheligine baylanı’slı’, mektepke kelgendegi tayarlı’g`ı’na ha`m sapası’na baylanı’slı’ boladı’.

Qosı’q aytı’w qa`biletinin` qa`liplesiwinin` da`slepki da`wiri-tiykarg`ı’ parametrdi anı’q belgileniwine ha`m birinshi klassqa shekemgi woqı’wshı’nı’n` dawı’s diapazonı’na baylanı’slı’ boladı’.

Ekinshi da`wir- tiykarg`ı’ qosı’q aytı’w formulası’nı’n` bir neshe jaqsı’ sheshimge iye bolı’wı’ menen belgilenedi: dem alı’w jolları’nı’n` wo`zgeriwi, tembrdin` wo`zgesheleniwi, dikciyası’nı’n` jaqsı’lanı’wı’, seslerdi durı’s anı’q aytı’w uqı’plı’lı’g`ı’nı’n` normallası’wı’ h.t.b.

U`shinshi da`wir-to`mendegi belgilerdi belgileydi: qosı’q aytı’p u`yreniwde tiykarg`ı’ sestin` payda bolı’wı’, tembrdin` sapası’, diapazondı’ mu`mkinshiligi bolg`anı’nsha ken`eytiw, dem alı’wdı’n` ten`lesiwine alı’p keledi. Balalar bul da`wirde qosı’q aytı’wdı’ qa`liplestiriwin ha`m jetkilikli da`rejede muzı’kalı’q emociyanı’ wo`zlestiriwdi tez u`yrenip aladı’. Woqı’wshı’lardı’n` qosı’q aytı’wdı’ u`yreniwi bir waqı’ttı’n` wo`zinde bir-birine tı’g`ı’z baylanı’sqan tu`rde qa`liplesedi. Qosı’qtı’ u`yretiwden aldı’n woqı’tı’wshı’ balalardı’n` dawı’sı’nı’n` wo`zgesheligin ha`m vokal u`yretiw metodikası’n biliwi kerek. Bul metodika ulı’wma qollanı’latug`ı’n u`yretiw metodı’, yag`nı’y didaktikalı’q ha`m arnawlı’ vokal tiykarı’nda du`ziledi. Biraq bul wo`zgeshelikler dawı’stı’n` du`zilis apparatı’n ha`m balanı’n` o`sip baratı’rg`an organizmine anatomiya-fiziologiyalı’q wo`zgesheligine ha`m wonı’n` psixikası’na baylanı’slı’.

Woqı’wshı’larg`a qosı’q u`yretken waqı’tta usı’ obrazlı’ ha`m emocional sezimlerge itibar berip ha`m baylanı’stı’rı’w kerek. Bul u`yretiwdin` sapalı’ da`rejesin ko`rsetedi. Woqı’wshı’lardı’n` estetikalı’q garmoniyalı’q

rawajlanı’wı’nı’n` tiykarı’n salı’wshı’ mekteptegi muzı’ka woqı’tı’wshı’ları’ bolg`anlı’g`ı’ sebepli wolarg`a qoyı’lg`an talaplar da ku`shli.

Muzı’ka sabag`ı’nı’n` strukturası’nda u`yge tapsı’rma sorap woqı’wshı’lardı’ bahalaw, muzı’ka sawatı’, tı’n`law, tema tu`sindiriw ha`m atqarı’w bo`limlerine qarag`anda qosı’q u`yretiw bo`limine ko`birek waqı’t ajı’ratı’lg`an (12-15 minut). Bul qosı’q u`yretiwdin` a`hmiyetliliginen ko`birek waqı’t talap yetetug`ı’nlı’g`ı’nan derek beredi. Muzı’ka sabag`ı’nda woqı’tı’wshı’ klasstı’n` jası’na ha`m uqı’plı’lı’g`ı’na qarap u`yretiw usı’lları’ qollanadı’. Ma`selen; $1^a$-klass woqı’wshı’ları’na qarag`anda $1^b$-klass woqı’wshı’ları’ yesitken melodiyanı’ tez qabı’llaydı’ ha`m de tez u`yreniwge ha`reket yetedi.

Bunday klassta qosı’q u`yretkende qosı’qtı’n` birinshi qatarı’n 2-3-ret saz a`sbapta shertip ko`rsetip, son`ı’nan wo`zi aytı’p ko`rsetedi. Son` woqı’wshı’larg`a «qa`ne menin` menen birge qaytalan`»-dep yeskertiledi. Birinshi qatar taza aytı’lı’p u`yretilgennen keyin yekinshi qatarda usı’ usı’lda u`yretiledi. Keyin birinshi ha`m yekinshi qatardı’ birge ayttı’rı’p bolı’p keyingi u`shinshi ha`m to`rtinshi qatarlarda usı’ usı’lda u`yretiledi. Son`ı’nan qosı’qtı’n` tolı’q kupletin  woqı’wshı’lar mug`a`llimnin` ja`rdemi menen atqarg`annan keyin woqı’tı’wshı’ wolardı’n` wo`z betinshe atqarı’wı’n talap yetedi. Qashan qosı’q taza intonaciyalanı’p, barlı’q nyunsları’ menen atqarı’lg`ansha ta`kirarlanadı’.

## 2.2.Baslawı’sh klass mektep bag`darlaması’nda Watan haqqı’nda muzı’kalı’q shı’g`armalardı’ u`yretiw usı’lları’

«Watan xaqqı’ndag`ı’ qosı’qlardı’ sabaqta u`yretkende ha`r bir woqı’tı’wshı’ a`lbette sabaqqa aldı’n-ala tayarlanı’wı’ sha`rt. Sebebi woqı’tı’w ushı’n wo`zin` woqı’g`an bolı’wı’n` kerek. Al muzı’ka pa`ni woqı’tı’wshı’sı’ sabaqta u`yretetug`ı’n muzı’kalı’ shı’g`armanı’ wo`zi aldı’n-ala jaqsı’lap tayarlamasa, demek sabaq procesinde woqı’tı’wshı’ aljasadı’, qa`te u`yretedi, jobalastı’rı’lmag`anı’ ushı’n irkinishler boladı’. Sonlı’qtan a`sirese muzı’ka woqı’tı’wshı’sı’ basqalardan wo`zgeshe usı’lda tayarlanı’wı’ kerek.

Baslawı’sh klass woqı’wshı’ları’na Watan tuwralı’ qosı’qlardı’ alsaq

G.Nurlepesova so`zine jazı’lg`an U.Abdullaevagnı’n` «Baxı’tlı’ balalı’q» shı’g`arması’ 2 dawı’slı’ balalar xorı’ ushı’n jazı’lg`an. Bul shı’g`armada paraxatshı’lı’q Watanda, baxı’tlı’ balalarg`a jasaw sharayatları’ woqı’w, dem alı’w mu`mkinshilikleri jaratı’lg`anlı’g`ı’, keleshekte azamatlar yerkin Watanı’mı’zdan ta`rbiyalanı’p yeldin` maqtanı’shı’ bolatug`ı’nlı’g`ı’n ko`rsetedi.

Bul paraxat Watanda,
Jasaw baxı’t adamg`a,
Bilim alı’p tı’nı’g`ı’p,
Qosı’lamı’z qatarg`a.
Biz baxı’tlı’ balamı’z,
Aqı’llı’mı’z danamı’z,
Yerten`gi ku`n yelimnin`,
Batı’rları’ bolamı’z.

Shı’g`arma do major tonlı’g`ı’nda, balalar xorı’ ushı’n jazı’lg`an. (kuplet ha`m naqı’rat). Woqı’wshı’larg`a qolaylı’ tessiturada jazı’lı’p, diapazonı’ sol` u`lken oktava lya birinshi oktava aralı’g`ı’nda jazı’lg`an. Tempi allegro-tez. Bul qosı’q baslawı’sh klasslardı’n` woqı’wshı’ları’na hesh qı’yı’nshı’lı’q tuwdı’rmay ju`da` a`piwayı’, qolaylı’ diapazonda jazı’lg`an. Sonı’n` menen birge balalardı’ wo`zinin` ma`kanı’na muxabbat, Watanı’n

hu`rmetlewge ta`rbiyalawda ja`rdem beredi. Bul shı’g`armalardı’ u`yretkende ha`r qosı’qtı’n` teması’na baylanı’slı’ tu`sinik beremiz. 4-klass-bul baslawı’sh klasslardı’n` juwmaqlawshı’ klası’ bolı’p yesaplanadı’. Bul da`wirde woqı’wshı’lardı’n` tu`sinigi a`dewir yeseyip, muzı’kalı’q qa`bileti rawajlang`an bolı’p, berilgen qosı’qlardı’ sheberlik penen atqarı’wg`a ha`reket yetedi. Woqı’wshı’lardı’n` ko`rkem o`nerge qı’zı’g`ı’wshı’lı’g`ı’ a`dewir rawajlanadı’. Muzı’kalı’q a`debiyatqa, ko`rkem-wo`ner tu`siniklerine qı’zı’g`ı’p xalı’q muzı’kası’nı’n` do`retiwshiligi menen tanı’sadı’. Yesitiw qa`bileti wo`sedi. Xor shı’g`armaları’n yeki dawı’sqa salı’p aytı’wg`a mu`mkinshilik payda boladı’. Marsh, woyı’n, qosı’q, major, minordı’ ayı’rı’w, turaqlı’ ha`m turaqsı’z seslerdi yesitip biliw qa`bileti rawajlana baslaydı’. Fraza, dem alı’w, legato (u`zliksiz) dem alı’w usı’lları’n u`yretip baslaymı’z. Dawı’stı’n` diapazonı’ ken`eyedi, do-mi yekinshi oktavag`a shekem aytı’w mu`mkinshiligi payda boladı’. Atqarı’w sheberligine iye bolı’p, piano, forte degen tu`siniklerdi a`melde ko`rsete aladı’.

G`.Amaniyazovtı’n` «Ana Watan tilimde» Sh.Ayapov so`zine jazı’lg`an shı’g`arması’ yeki dawı’slı’ xor ushı’n jazı’lg`an. Bul shı’g`armanı’ kompozitor kuplet formada, a`piwayı’ tilde kishkentay balalarg`a tu`sinikli usı’lda jazı’p Watannı’n` a`hmiyetin, wo`mirdin` mazmunı’n, ana-Watanı’mı’zg`a mexrimizdi qosı’q qatarları’nda ko`rsetken.

Besik jı’rı’n tı’n`ladı’m,
Ken` ja’ha’ndi an`ladı’m,
Ana Watan tilimde.
Biz jaslarmı’z baxtiyar,
Yel xı’zmetine tayar,
Watan dermiz ha`r sapar,
Watan ana tilimde.

# "ANA WATAN TILIMDE"

Sh. Ayapov so'zi.

G'. Amaniyazov muzıкası






Bul qosı’q mi bemol` majorda jazı’lg`an. Diapazonı’ balalarg`a qolay tessiturada do1-do2 oktavada jazı’lg`an. Bunday mazmunlı’ so`zler a`lbette woqı’wshı’lardı’ Watandı’ su`yiwge, wonı’ qa`sterlep, abaylawg`a, qorg`awg`a patriotlı’q sezimlerdi ta`rbiyalawg`a ja`rdem beredi.

U.Abdullaeva muzı’kası’ G.Nurlepesova so`zine jazı’lg`an «Qaraqalpaqstan» qosı’g`ı’. Bul shı’g`arma re minor tonlı’qta kuplet formada jazı’lg`an. A`piwayı’, qolay muzı’kalı’q tilde jazı’lı’p, naqı’ratta yeki dawı’sqa bo`linedi, wonda da terciya balag`a qolay intervalda jazı’lg`an. Wo’zinin` tekshe menen ko`terilgen notası’ menen sulı’w namanı’ tez aralı’qta yadlaw mu`mkin. Diapazon $re^1$-$re^2$ oktava aralı’g`ı’nda jazı’lg`an.

Keleshegi ullı’ Watan,
Kindik qanı’m tamg`an ma`ka`n,
Menin` ushı’n joq dur bakan,
A`ziz Qaraqalpaqstanı’m.
Go`zzal bostanı’m,
Tilde da`stanı’m,
Tuwı’lg`an jerim,
A`ziz Qaraqalpaqstanı’m.
Baxtı’mı’zg`a tı’nı’sh zaman,
Ilgerleymen alg`a taman,
Ma`n`gilikke bolg`ı’l aman,
Anam Qaraqalpaqstanı’m.

Bul qosı’qtı’n` so`zleri wo`z-wo`zine minezleme beredi. Bul qosı’q balalardı’n` gimnindey tez yeste qalı’p, woqı’wshı’lardı’n` sulı’w qosı’qları’nı’n` biri bolı’p yesaplanadı’. Qosı’qtı’n` ma`nisi paraxatshı’lı’qqa, doslı’qqa woqı’wshı’lardı’ ta`rbiyalawg`a ja`rdem beredi.

G`.Amaniyazovtı’n` «Shegarashı’» qosı’g`ı’n u`yretiwge alsaq boladı’.Bul qosı’qtı’n` so`zi Qambar ata, wo`lshemi 2/4, allegro tempinde ,sol` major tonlı’g`ı’nda jazı’lg`an. Bul qosı’qtı’ woqı’wshı’larg`a u`yretiwdegi maqset Watandı’ qorg`awshı’lar yerten`gi jaslardı’n` qolı’nda yekenligin tu`sinip jetiwleri kerek.

# CHEGARACHI QO‘SHIG‘I

*Qambar ata* so’zi *G’.Amaniyazov* muzıkası




Chegarada soqchiman,
Qo‘riqlayman Vatanni.
Yashasin ozod zamon,
Gul yashnatib jahonni.

## 2.3 Joqarı’ klass woqı’wshı’ları’na Watan haqqı’ndag`ı’ qosı’qlardı’n` u`yretiw usı’lları’.

5-klass woqı’wshı’ları’ ko`p bilimge iye bolg`an woqı’wshı’lar desek boladı’. Sebebi xalı’q do`retpelerin, kompozitorlar, wolardı’n` do`retiwshilik jolı’ menen tanı’sı’p, opera, balet haqqı’nda tu`sinik alı’p, tez templerde, sinkopa, ha`r qı’ylı’ ritmikalı’q qı’yı’nshı’lı’qlar menen tanı’sadı’. Dawı’s intonaciyası’n tuwrı’ jolg`a qoyı’p aytı’w usı’lları’n u`yrenedi. Sol sebepli 5-klassta woqı’wshı’larg`a muzı’ka tı’n`law, nota sawatı’, muzı’ka a`debiyatı’ tolı’q tu`rde wo`tiliwi kerek.

Interval du`ziw, seslerdin` turaqlı’ ha`m turaqsı’z basqı’shları’, ton ha`m yarı’m ton tu`sinigine iye bolg`an woqı’wshı’lar 2 dawı’slı’ shı’g`armalardı’ arqayı’n aytı’wg`a u`yrenedi.

S.Palwanovtı’n` «Aralı’m» qosı’g`ı’:

K.Raxmanov so`zine jazı’lg`an. «Aralı’m» shı’g`arması’ yeki dawı’slı’ xor ushı’n jazı’lg`an a-capella. Bul shı’g`arma xalqı’mı’zdı’n` maqtanı’shı’, Aral ten`izin, mol suw, xalqı’mı’zdı’n` ı’rı’sqı’sı’n, mol bereketin, baylı’g`ı’n, yeldin` abadanshı’lı’g`ı’n ko`rsetken.

Arqadag`ı’ aqsaqalı’m Aralı’m,
Talay-talay a`sirlerge jaradı’n`,
A`miw menen Sı’rdı’ tartı’p qushaqqa,
Ga`rezsizlik da`wranı’na qaradı’n`.
Aral, Aral, Aralı’m,
Ma`n`gi tolı’p tasa ber,
Yeldin` g`a`ziynesine,
Baylı’g`ı’n`dı’ qosa ber.

Qosı’q do minor tonlı’g`ı’nda jazı’lg`an. Balalarg`a qolay diapazonda, yen` u`lken atlaw - bul kvinta a`tirapı’nda jazı’lg`an. Birinshi dawı’stı’n` naması’n, yekinshi dawı’s exo priemda (usı’lda) qaytalaydı’. Qaytalaytug`ı’n bo`leksheler sheberlik penen 1,2 vol`ta menen dawamlap beredi.

Juwmaqlawshı’ bo`lim kishkene «koda» oktavada yeki dawı’s «do$^{1}$-do2» juwmaqlap Aral suwg`a toladı’ degen u`mitte  yekinshi oktavada «do» notada ff kul`minaciya menen juwmaqlanadı’.

A`lbette bul qosı’qtı’ atqarg`anda woqı’wshı’larda ruwxı’y sezimler, Watang`a, yeline, xalqı’na, tariyxı’na patriotlı’q sezimler ta`rbiyalanadı’.

7-klassta balalarda wo`zgerisler bolı’p wo`tedi. Jas wo`spirimlik da`wirine wo`tiwine baylanı’slı’ balalarda mutaciya bolı’p wo`tedi. Mutaciya-dep dawı’stı’n` wo`zgeriwine aytı’ladı’. Mutaciya da`wirinde gegirdek wo`sip, er balalarda dawı’s irilenedi. Mutaciya da`wirine shekem qı’zlar menen balalar dawı’sı’nı’n` arası’nda ayı’rmashı’lı’q az boladı’. Qı’zlarda mutaciya belgisiz, yelespesiz bolı’p ta wo`tedi. Sol ushı’n da woqı’tı’wshı’ mutaciya kezinde balalardı’n` dawı’sı’na ku`sh tu`speytug`ı’nday, atqarı’wg`a qolaylı’, jen`il shı’g`armalardı’ tan`lap alı’wı’ tiyis. 7-klassta  «Zamanago`y muzı’kalar ha`m wolardı’n` janrı’». Shet yel xalqı’nı’n` klassik muzı’kaları’. «Yevropa xalqı’nı’n` klassik muzı’kaları’» menen tanı’sı’w.

Muzı’ka adam wo`mirinde unamlı’ ta`sir yetedi, rawajlanı’wı’na ja`rdemlesedi ha`m sog`an baylanı’s mı’naday sorawlar payda boladı’. Muzı’ka ku`shi adamg`a qalay ta`sir yetedi.

Mutaciya yer balalarda 12  jasta baslanadı’, al qı’z balalarda 11 jasta, demek barlı’q woqı’wshı’larda bolı’p wo`tedi. Bul da`wir jas wo`spirimlerge qı’yı’n bolı’p yesaplanadı’, worganizmde ulı’wma wo`zgerisler (deneleri, ayaq-qolları’ o`sedi) payda boladı’. 7-klassta balalar wo`z betinshe  jumı’s islep, wo`zlerin u`lken adamlarday sezinedi. Ha`r qaysı’sı’ wo`zlerin ko`rsetkisi keledi. Woqı’wshı’lardı’n` psixo-fiziologiyalı’q jaqtan rawajlanı’w wo`zgeshelikleri muzı’ka sabag`ı’nda bilinedi. A’sirese vokal ha`m xor tarawı’nda anı’q bilinedi. Sebebi bul da`wirde mutaciya bolı’p wo`tedi. Mutaciya mazmunı’ ha`m dawı’sta qanday wo`zgerisler payda boladı’. Mutaciya-bul balalar dawı’sı’nı’n` u`lken adamlar dawı’sı’na wo`tiw da`wiri bolı’p yesaplanadı’.

Yen` birinshi kegirdek wo`sip, dawı's tu`tiksheleri, til, juqa tkanlar wo`zgeredi. Gegirdek, bul dawı's shı'g`arı'wshı' organ bolı'p yesaplanadı'. Mutaciya da`wirine shekem ul balalar ha`m qı'z balalardı'n` dawı'sları' ju`da` uqsas bolı'p keledi. Al biraq mutaciya da`wirinde balalardı'n` kegirdegi bir yarı'm, yeki yese wo`sedi, bunday waqı'tta balalardı'n` qosı'q aytı'wg`a zawqı' bolmaydı', al qı'zlardı'n` kegirdegi yer balalardikine qarag`anda u`shten bir uzı'nı'na wo`sip ha`m dawı's baylanı'sları' bir yarı'm ha`m yeki yesege wo`sip, bunda dawı's irilenip, dawı'stı'n` to`menlewine alı'p keledi. Balalar bunday wo`zgeriske birden u`yrenisip kete almaydı'. A`sirese wolar joqarg`ı' notalardı' qı'yı'nlaw aladı'.

Mutaciya da`wirinde kegirdek wo`sip qana qoymay dawı's qatlamları' qı'zarı'p, awı'rı'w tuwdı'radı', tamaqtı'n` yeki shetinin` iskenin ko`riwge boladı'. Diapazon qı'sqaradı', joqarg`ı' notag`a dawı'sları' jetpeydi. Al qı'zlarda bolsa mutaciya ayrı'm waqı'tları' a`ste, yelespesiz wo`tedi. Sol ushı'nda dawı's rejimleri saqlanı'p qalı'nı'wı' tiyis.

Mutaciya da`wirinde geyde ju`da` to`men na`tiyjeni ko`riwge boladı'. Bul qosı'q aytqanda dawı'sqa ku`sh salı'nı'wı', mı'salı'` quramalı' qosı'q aytqanda ayrı'm waqı'tları' dawı's apparatı'nı'n` u`zilip ketiwi mu`mkin. Sol ushı'nda mutaciya da`wirinde wo`zgerip atı'rg`an dawı'slarg`a qattı' kewil bo`liniwi tiyis.

Woqı'tı'wshı' sonı' yadta saqlawı' tiyis, mutaciya ha`r balada ha`r tu`rde wo`tiwi mu`mkin, birewlerde tı'nı'sh, al birewlerde ala burqanlı' wo`tiwi mu`mkin. Bul yeki jag`dayda da dawı's rejimlerin saqlag`an durı's boladı'. Woqı'tı'wshı' balalardı'n` mutaciya da`wirin yesapqa ala wotı'rı'p wolar menen jeke (individual) tu`rde jumı'slar alı'p barı'wı' tiyis, yag`nı'y jen`il, atqarı'wg`a qolaylı' diapazondag`ı' qosı'qlardı' u`yrengenleri durı's boladı'. Al keyingi izertlewlerdin` juwmag`ı'na qarag`anda mutaciya da`wirinde woqı'tı'wshı'larg`a u`plep shertetug`ı'n a`sbaplarda woynaw usı'nı's yetiledi, sebebi qosı'q aytı'w texnikası'ndag`ı' dem alı'w menen muzı'ka a`sbabı'nda u`plep shertiwde alı'natug`ı'n dem alı'wlar uqsas boladı'. Bunday usı'llardı'

balalar qosı’q ayta almaytug`ı’n jag`dayda qollanı’wg`a boladı’. Dawı’s apparatı’nda qayta qurı’wlar bolı’p wo`tiwine baylanı’slı’ xor-vokal jumı’sları’nda da wo`zgerisler boladı’. Bul da`wirde muzı’kanı’n` adam wo`mirindegi a`hmiyeti ha`m wonı’n` basqa pa`nler menen baylanı’sı’ haqqı’nda so`z yetiwge boladı’. 6-klassta a`yyemgi du`n`ya tariyxı’ wo`tiledi. Sabaqlı’qtı’n` mazmunı’wo`z ishine bir neshe da`wirdi aladı’ a`yyemgi a`sirde jasag`an xalı’qlardı’n` xristian dininin` payda bolı’wı’na shekem, Rim imperiyası’nı’n` qulawı’, sabaqlı’qta arnawlı’ muzı’ka haqqı’nda aytı’lmag`anlı’g`ı’ menen mug`allim mı’sal retinde a`yyemgi greklerdin` an`ı’zları’nda, muzı’kanı’n` wo`mir menen baylanı’sqanı’n ko`riwge boladı’. Muzı’ka adam wo`mirinin` ha`r tu`rli payı’tları’nda woylanı’p ko`riw kerek, quwanı’sh, qayg`ı’, miynette, urı’s paytı’nda da, bayramlarda da adamnı’n` jan azı’g`ı’ bolg`an. Solay yetip tariyx pa`ni woqı’wshı’larg`a ko`rgizbeli qural retinde muzı’kanı’n` adam wo`mirinin` barlı’q rawajlanı’w etapları’nda da jetekshi rol` atqarg`anı’n ko`riwge tastı’yı’qlaydı’. Al a`debiyatta bolsa tariyx pa`nine qarag`anda muzı’ka menen baylanı’slı’ temaları’ ko`p. Mı’salı’` xalı’q do`retiwshiligi haqqı’nda aytatug`ı’n bolsaq, sabaqlı’qtı’n` yen` birinshi bo`liminde a`sirler dawamı’nda awı’zdan-awı’zg`a tarag`an qaharmanlı’q da`stanlar, jumbaqlar h.t.b. so`z etiledi.

6-klass woqı’wshı’ları’na nama tı’n`latqanı’mı’zda wo`zbek ha`m klassik muzı’ka shı’g`armalar menen tanı’stı’ramı’z. Sonday-aq, shet yel muzı’kası’nan da aytı’p wo`tiwimizge boladı’. Bul jasta mutaciya da`wirinin` bolı’p wo`tiwine baylanı’slı’ ko`binese nama tı’n`latı’p ha`m sol shı’g`armalardag`ı’ a`sbapları’ menen de tanı’stı’rı’p wo`temiz ha`m namalardı’ shertip ko`rsetemiz.

Solay yetip 6-klassta muzı’ka ma`deniyatı’ sabag`ı’n wo`tiwde woqı’tı’wshı’ jan-jaqlama xabarlar menen ta`miyinleniwi tiyis.

7-klasstı’n` woqı’wshı’ları’ ko`pshiligi mutaciya da`wirinen tolı’q shı’g`ı’p bolmag`an. Sol sebepli qosı’q aytı’w diapazonı’ do$^1$-mi, fa$^2$ oktavag`a shekem aytı’w mu`mkin. Woqı’wshı’lardı’n` muzı’ka haqqı’ndag`ı’ tu`sinigin ken`eytip wolardı’ basqa pa`nler menen de baylanı’stı’rı’w lazı’m. Qaraqalpaq

shayı’rları’nı’n` qosı’qları’na jazı’lg`an namalardı’, baqsı’ jı’raw, fol`klor haqqı’nda tu`sinik beriw kerek. N.Muxammeddinov «A`jiniyaz» operası’n, «Ayjamal» balet ulı’wma u`lken forma, ha`r qı’ylı’ janrlarg`a tu`sinik berip, tanı’stı’rı’w kerek.

Mutaciya da`wirin tolı’q wo`tip bolmag`an sebepli repertuar tan`lag`anda qosı’qlardı’ durı’s tan`law kerek.

Lad, Qaraqalpaq xalı’q qosı’qları’na say ladlar, wolardı’n` wo`zgeshelikleri menen tanı’stı’rı’w kerek. Muzı’ka sawatı’ boyı’nsha~ u`sh dawı’slı’lı’qlar, ha`r qı’ylı’ muzı’kalı’q a`sbaplar wolardı’n` du`zilisi menen shertiliw mu`mkinshilikleri menen jaqı’nnan tanı’sı’w kerek.

Bul jerde A.Xalimovtı’n` qosı’g`ı’n u`yretiwge alı’p ayttı’rı’w mu`mkin.

A.Xalimov muzı’kası’ B.Ismaylov so`zine «Ana Watanim ma`n`gige jasa» qosı’g`ı’.

# ANA WATANIM MA'N'GIGE JASA

B. Ismaylov so'zi. A'. Xalimov muzıкası.




20
mız
ma’n’-gi - ge - ja - sa
23
ma’n - gi-ge - ja- sa
jay-nayber wa- ta- nı- mız
27
a...
pa’r-wa-na- mız
a....
sen a-na pa’r-wa-na -mız
ju’-reк-ler mu-hab -ba-tın
ju’ - reк-ler
31
a...
ar - na -g’an bız
o - zi - n’e ar - na -g’an bız
mu - hab - ba




Bul shı’g`arma a`piwayı’ u`sh bo`limli formada jazı’lg`an. Bul shı’g`armanı’ 6-7 klass woqı’wshı’ları’ aytı’wı’ mu`mkin. Atqarı’wshı’lı’q sı’rları’n u`yrengen, xor menen aytı’p, ansambl`, stroy tu`siniklerge iye bolg`an woqı’wshı’lar menen yadlaw mu`mkin. Gey bir jerlerde polifoniyalı’q, kanon usı’l menen jazg`an bo`leksheler bar. Ha`r bo`liminde ritm de wo`zgeredi. Mı’salı’: II-bo`liminde temp ufari 6/8 wo`lshemi val`s tempinde aytı’wg`a woqı’wshı’larg`a qı’yı’nshı’lı’q tuwdı’rı’w mu`mkin. Sol sebepli bul shı’g`armanı’ tayarlang`an xor aytı’wı’ mu`mkin.

Do majorda baslanı’p sol` majorda tamamlanadı’. Diapazon bir oktava ishinde si1-si2 oktava aralı’g`ı’nda jazı’lg`an. Bul qosı’qtı’n` so`zleri ha`m naması’ ko`terin`ki tu`rde aytı’wg`a balalardı’ ma`jbu`rleydi nege desen``

Jerlerin` gu`listan, ken` ra`ha`t bag`ı',
Gezgennin` kewlinde qalmaydı' dag`ı',
Topı'rag`ı'n` hası'ldur jannı'n` darmanı',
Ana Watanı'mı'z.
Ma`n`gige jasa, ma`n`gige jasa,

Bunday so`zler woqı'wshı'lardı' wo`zinin` yeline, tuwı'lg`an jerine, ana Watanı'na patriotlı'q sezimler tuwdı'rı'p, jaqsı' insan bolı'p jetilisiwge ja`rdem beredi.

G`.Amaniyazov naması', T.Qabulov so`zine «Qaraqalpaqstandı' qalay su`ymeysen`» qosı'g`ı'n alsaq bul shı'g`armanı'n` so`zi shı'g`armanı'n` wo`zin tolı'q ta`riypleydi.

Qaraqalpaqstan bul a`jayı'p diyar,
Qushag`ı' ja`nnet dur xalqı' baxtiyar,
Berdaq, Nawayı'dan sawat ashqanson`,
Arjag`ı'n aytı'wg`a qajet joq shı'g`ar.
Yerkin na`pes alsan`, yerkin so`ylesen`,
Qaraqalpaqstandı' qalay su`ymeysen`.

Bul qosı'q qatarlar woqı'wshı'nı'n` wo`zin joqarı' ruwxta sezip usı' maqtanı'sh yetken yeldin` azamatı' dep seziwge ilham beredi. Yerkin jasawg`a, woqı'wg`a, dem alı'wg`a jag`daylar tuwdı'rı'p qoyg`an Qaraqalpaqstan yeline hu`rmet, woqı'wshı'larg`a patriotlı'q ta`rbiya beriwde paydalanatug`ı'n qosı'qlardan biri bolı'p yesaplanadı'. Kompozitor bul shı'g`armanı' balalarg`a qolay usı'lda jazg`anı'n ko`remiz. Shı'g`arma do major tonlı'qta jazı'lı'p, saltanatlı' tempte atqarı'wg`a arnalg`an. Qosı'q bir dawı'sta baslanı'p, yekinshi ga`p (predlojeniyada) yekinshi dawı's qosı'lı'p naqaratta u`sh dawı's bolı'p shı'g`arma major intonaciyası'nda juwmaqlanadı'. Dawı'slardı'n` arası'ndag`ı' yen` u`lken interval septima bolı'p, bul intervalda shayı'rdı'n` so`zine qaray Qaraqalpaq yelinin` ken`ligin ko`rsetedi. Ritmikalı'q (sinkopirovannı'y) ritm marsh, gimn qosı'qları'nı'n` tu`rine uqsaslı'g`ı'n tı'n`lawshı'larg`a sheberlik penen jetkiziwge ha`reket yetedi. Shı'g`arma tolı'q major u`shsesliginde

tamamlanı’p, wo`zinin` major kul`minaciyası’ menen shı’g`armanı’ ta`ripleydi. Joqarı’ klass woqı’wshı’ları’ jan-jaqlama bilimge, qosı’q aytı’w usı’lları’na iye bolg`an balalar dep sanaladı’. Sol sebepli bul woqı’wshı’larg`a qosı’qlar tan`lag`anda u`lken ko`lemde, yeki-u`sh bo`limde jazı’lg`an, polifoniyalı’q u`zindiler ushı’rasqan qosı’qlardı’ alsan`da boladı’.

Muzı’kalı’q ta’lim ha’m ta’rbiyanin` birligine yerisiwde sonday-aq ha’zirgi da’wirde nama do`retiw menen shug`ı’llanı’p kiyatı’rg`an kompozitorlardı’n` qosı’qları’da u`lken a’himiyetke iye.

A`jiniyazdı’n` «Yellerim bardı’»[1] qosı’g`ı’nda, muzı’kası’n qayta iselegen G`.Demesinov. Qosı’qta yel-jurt go`zzalı’g`ı’ sa’wlelendirilip, wog`an bolg`an mehir-su`yispenshilikti, wo`z muzı’kası’ menen milliylikti ta’rbiyalawı’ kerek.

«O`zbekistan» qosı’g`ı’ so`zi I. Yusupovtiki, muzı’kası’ A`. Xalimovtiki[2]

Nawayı’nı’n` urpaqları’ ,
Qolları’nda tilla tarı’,

Qı’zg`ı’n mushayraları,
Jan`a go`zzal, jan`a muqam,
Bul ma’jiliske kirdim men ha’m.

Woqı’wshı’larg`a xalqı’mı’zdı’n` Nawayı’day ullı’ adamları’ bolg`anı’n, wolardı’n` muzı’kag`a, qosı’qqa bolg`an ishki sezimleri, tuyg`ı’ları’n ashı’p beriw kerek. Nawı’dan wo`rnek alı’p, muzı’kadag`ı’ go`zzallı’qtı’ jalg`anı’nan ajı’rata alı’wdı’ talap yetetug`ı’nı’n ayı’ip wo`tiw za’ru`r.

Sonı’n`day a’jayı’p bostan,
Ta’riyip yetsem tawsa almaspan,
Perzentim dep qushaq ashqan,
Wo`zge yemes wo`z janı’msan`,
Go`zzal O`zbekistanı’msan`.

[1] A`.Məmbetniyazov, T. Qurbanov. Qosıq nama sabaqlıg`ı 6-kl. No`kis, «Bilim», 1995, 21-25 betler.
[2] S.Palwanov,S.Tajetdinov. Qosıq nama sabaqları 7-kl. «Bilim» baspası. 1995. 7-9 betler.

degen qatarları'nda yelimizdin` bu`gingi turmı'sı'ndag`ı' jetiskenlikler, tuwg`an go`zzal ana ta'biyatı' jı'rlang`aı'ina toqtap wo`temiz. Bul qosı'qta Watang`a sadı'qlı'q sezimleri sa'wlelengen ha'm wonin` muzikasi wortasha tezliktegi ritmge tiykarlanip jazilg`an. Wonı' tı'n`law processinde adamdı' so`zsiz wo`zine tartatug`ı'n ta'sirshen`liktin` bar yekeniligine toqtalı'p, muzı'kanı' tı'n`law usı'nı's yetiledi. Muzı'kanı' tı'n`lap bolg`annan keyin muzı'kanı'n` qanday ta'repleri woqı'wshı'lardı' wo`zine tartqanı' soralı'p, kishi pikir alı'sı'wdan son` wonı' tı'n`lawdı' ta'kirarlaymı'z.

Son` joqarı'agı'i notag`a qaray wotı'rı'p qosı'qtı' atqarı'w u`yretiledi. Qosı'qtı' yadlaw ha'm ta'sirli atqarı'w menen birge mektep woqı'wshı'ları' qorshag`an du`n`yanı' obrazlı' tu`rde bilip aladı'. Burı'n wo`zi kewil awdarmag`an go`zzalı'g`i'n ajı'rata alı'wı', qabı'l yetiw uqı'plı'lı'g'ı' rawajlandırı'ladı'. Du`n`yag`a go`zzal qatnası' ta`rbiyalanadı'.

Qosı'qtı'n` lirikalı'q qaharmanları'nan u`lgi alı'p yelimizdin` tı'nı'shlı'g`ı', jurtı'mı'zdı'n` paraxatshı'lı'g`ı', Watanı'mı'zdı'n` abadanlı'g`ı' ha'm ullı' keleshi ushı'n ayanbastan xı'zmet yetetug`ı'n insanlarg`a aylanadı'.

G`.Amaniyazov naması', T.Qabulov so`zine «O`zbekistan wo`z yelimsen`». Bul shı'g`arma aytı's formada jazı'lg`an. Ha`zirgi zamanda ko`plegen kompozitorlar aytı's formada fol`klor u`zindilerdi paydalanı'p qosı'q jazı'wg`a ha`reket yetedi. Solardan biri G`.Amaniyazov wo`zinin` shı'g`arması'nda da da`slepki taktlarda qı'zlar naması' menen baslap, wolarg`a yerler dawı'sları' qosı'lı'p juwmaqlaw bo`liminde barlı'q xor u`sh dawı'sta saltanatlı' tu`rde juwmaqlaydı'.

Qosı'q si bemol` majorda, allegro tempinde jazı'lg`an. Atqarı'wshı'lı'qta qı'yı'nshı'lı'q tuwdı'ratug`ı'n jeri, juwmaqlawshı' akkortta yekinshi oktavada jaylasqan si bemol`dı' woqı'wshı'lar ayta almag`anı' sebepli bul shı'g`armanı' transpoziciya qı'lı'p aytı'wg`a tuwra keledi.

Sadı'q bolı'p din islamg`a,
Tariyx jatı'r tu`p nusqada,
Ata jurtı'm Tu`rkistanda,

O`zbekistan wo`z yelimsen`.

Ta`n`ir bergen sa`lemin sen,

A`ziz  O`zbekistanı’m, menin` Watanı’m,

Menin` ana Watanı’m.

Aytqanday qosı’qtı’n` so`zleri Watanı’mı’zda jasaytug`ı’n xalı’qlardı’ doslı’qqa, sadı’qlı’qqa, bir-birine hu`rmette jasawg`a sonı’n` menen birge woqı’wshı’larda patriotlı’q sezimlerdi rawajlandı’rı’wg`a ja`rdem beredi. Talı’qı’lang`an shı’g`armalardı’n` ha`r biri woqı’wshı’larda patriotlı’q sezimlerdin` ta`rbiyalanı’wı’nda u`lken a`hmiyetke iye.

"WATANIM"

D. Abbazov so’zi. D. Sultaniyazova muzıкası.




2. Perzentкe jan anasan’
Aqlı кa’mil danasan’
Baxıt qushqan balasan’
Mehribansan’, Watanım!

Qosı’q pa`ni  mug`alliminin` tiykarg`ı’ wazı’ypası’ durı’s qosı’q tan`lap wonı’ sheberlik penen atqarı’w jolları’n u`yretip tı’n`lawshı’larg`a jetkeriw.

Ha`r mug`allimnin` wazı’ypası’ mektepte joba jazg`anda durı’s repertuar

tan`law. Woqı’w jı’lı’ndag`ı’ sherek pe sherek, sa`nege qaray repertuar saylaw kerek. Ha`r sherekte Watan haqqı’nda, mektep, ustaz, ba`ha`r, qı’s bayramları’na arnalg`an doslı’qtı’ bekkemleytug`ı’n, arttı’ratug`ı’n, yelge, anag`a sı’ylası’qtı’ ta`rbiyalaytug`ı’n qosı’qlar bolı’wı’ kerek. Patriotlı’q sezimlerdi ta`rbiyalaytug`ı’n qosı’qlar ko`birek bolı’w kerek. Estetikalı’q patriotlı’q ta`rbiya woqı’wshı’lardı’n` wo`mirinde, wolardı’n` durı’s joldı’ tan`lawı’nda, yerten`gi ku`nde qı’yı’nshı’lı’qlar menen gu`resiwge u`yretedi.

Mektep repertuarı’nda paydalanatug`ı’n Watan haqqı’nda qosı’qlar :

1. G`.Amaniyazov naması’ Sh.Ayapov so`zi «Ana Watan tilimde»
2. U.Abdullaeva naması’ G.Nurlepesov so`zi «Qaraqalpaqstanı’m»
3. U.Abdullaeva naması’, G.Nurlepesova so`zi «Balalardı’n` tilegi»
4. G`.Amaniyazov naması’ Wo`.Sarsenbaev so`zi «Biz tı’nı’shlı’q gu`limiz»
5. S.Palwanov naması’ Wo`.Xojanov so`zi «Jası’l jaylawları’m»
6. S.Palwanov naması’ K.Raxmanov so`zi «Aralı’m»
7. S.Palwanov naması’ T.Jumamuratov so`zi «A’miwda’r`ya»
8. G`.Amaniyazov naması’ T.Qabulov so`zi «O`zbekistan wo`z yelimsen`»
9. U.Abdullaeva naması’ G.Nurlepesova so`zi «Baxı’tlı’ balalı’q»
10. A.Xalimov naması’ B.Ismaylov «Ana Watanı’m ma`n`gige jasa»
11. U.Abdullaeva naması’ G.Nurlepesova so`zi «Sen Tu`rkistan ba`ha`rim»
12. D.Sultaniyazova naması’ I.Yusupov so`zi «Tuwı’lg`an jer»

Muzı’ka tı’law barı’sı’nda shı’g`armanı’n` kelip shı’g`ı’wı’, tariyxı’, do`retiwshilerdin` qı’sqa tvorchestvosı’ tuwralı’ 7-8 minut tu’sindirilip wo’tiw kerek. A`lbette, balalardı’ sana seziminin` qabı’l yetiwine, jası’na qaray wotı’rı’p a`melge ası’ramı’z.

Qosı’q u’yretiwde A.Sultanovtı’n` «Su’yemen yelimdi» qosı’g`ı’n alatug`ı’n bolsaq qosı’qtın` avtorı’nı’n` wo`mirbayanı’ menen woqı’wshı’lardı’ tanı’stı’rı’p wo`temiz. Bul qosı’qtı’n` xarakteri kewilli, shaqqan, tez tempte aytı’ladı’. Qosı’q balalardı’ Watandı’ su’yiwge, wo`sken yelin, jerin, dala qalaların su’yiwge u’yretedi. Qosı’q re major tonlı’g`ı’nda 2\4 wo`lshemde jazı’lg`an ha`m won altı’lı’q, segizlik, sherek, yarı’mlı’q notalar ushı’rasadı’.Bul

qosı’qtı’ frazalarg`a bo`lip u’yretemiz. Sonday-aq qosı’qtı’n` 1-4 qatarı’nda repriza belgisi bar, yag`nı’y 2-ma`rte qaytalanı’p aytı’ladı’. Mug`allim ku`shli u’leslerge dı’qqat berip, wolardın` ku`shsiz u’lesler menen aralası’p wotı’rı’wı’n, balalarg`a tu`sindirip wotı’rı’wı’ tiyis. Usı’ menen birge ku`shli ha`m ku`shsiz u’lesler xaqqı’nda takt, wo`lshem tuwralı’ tu`sindirip wo`tse boladı’.

O’zbekistan Respubilksı’ Ma’mleketlik Gimni” A.Aripov so’zi, M. Burxanov muzkası’ h.t.b.

Ha’r bir ma’mlekettin’ konstituciyası’, gerbi, bayrag’ı’ bolg’anı’ sı’yaqlı’ wonı’n’ muzı’kalı’ belgisi, yag’nı’y gimnide boladı’. Barlı’q nı’shanlar sı’yaqlı’ wonı’n’ gimninde de sol ma’mlekettin’ g’a’rezsizligi, dan`q – abiroyi, a’yyemgi u’rp a’detleri, sawlatı’ ha’m ku’shi haqı’nda aytı’ladı’.

Gimnimizdin’ qosı’q qatarları’nda da ana Watanı’mı’z O’zbekistanı’mı’zdı’n’ altı’n dalaları’, ullı’ xalqmı’zdı’n’ yosh urı’p jaynap atı’rg’an hu’r zamanı’mı’z, tu’rli milletler wortası’ndag’ı’ doslı’q mu’na’sibetler, abat turmı’s, iymanlı’ xalqı’mı’zdı’n’ ken’ peyilligi haqqı’nda aytı’ladı’.

O'zbekistan Respublikası’ gimni wonı’n’ abı’royı’n joqarı’ ko’terip atı’rg’an qosı’qshı’ları’mı’z, sportshı’ları’mı’z, ha’m basqa jı’yı’nlarda qayta - qayta ta’kirarlana beredi. Woni aytqanda xalqı’mı’zdı’n’ u’rp-a’detinde sa’wlelengen sa’lemi si’yaqlı’ won’ qolı’mı’zdı’n’ alaqanı’n ju’regimiz u’stine qoyı’p, qa’ddimizdi tiklep, atqarı’wı’mı’z lazı’m. Shı’g’armanı’n’ muzı’kası’ sazı’ arqalı’ jeke atqarı’w ushı’nda mo’lsherlengen.

Gimnimiz bizdin’ muqa’ddes muzı’kalı’ nı’shanı’mı’z.

Ko’rgizbeli qural sı’patı’nda ha’r bir yeldin’ gimnin tı’n’latsaq boladı’.

Qosı’q haqqı’nda woqi’wshı’lardı’n’ bilimleri bekkemlenedi. Klasster metodı’nan paydalansaq boladı’.

« Watan xaqqı’ndag`ı’ qosı’qlardı’ woqı’tı’wshı’nı’n` sabaqta u`yretetug`ı’n shı’g`armanı’ tayarlaw usı’lları’:

1.U`yretetug`ı’n shı’g`arma ayrı’qsha ha`r ta`repleme woylanı’p tan`lanı’wı’ kerek. Mektep woqı’wshı’lari’nı’n` jas wo`zgeshelikleri, ma`wsim ha`m da`wir talapları’, diapozonı’, texnikalı’q mu`mkinshilikleri, h.t.b. tamanları’ yesapqa alı’nadı’.

2.Shı’g`armanı’n` avtorları’ haqqı’nda mag`lı’wmatlar jı’ynaydı’. Balalarg`a do`retiwshi insanlardı’n` wo`miri ha`m do`retiwshilik jumı’sları’, a`sirese balalı’q waqı’tı’ haqqı’nda qı’zı’qlı’ mag`lı’wmat berilse jaqsı’ boladı’.Balalar sol insanlarday bolı’wg`a umtı’ladı’.

3.Shı’g`armanı’n` mazmunı’, ta`rbiyalı’q a’hmiyeti ha`m balalar muzı’kasi’ndag`ı’ wornı’.

4.Shı’g`armanı’n` jazı’lı’w formasi’,stili,usı’lı’,ladı’,wo`lshemi,tonlı’g`ı’ ulı’wma alg`anda muzı’kalı’ talqı’law ju`rgiziwi kerek.

5.Shı’g`armanı’n` vokal-xor talqı’lawı’nda, balalar ushı’n diapozonı’,atqarı’w shtrixları’,intonaciya usı’lı’,ansamblleri,so`zlerinin` wo`zgeshelikleri ha`m qı’yı’nshı’lı’qları’.

6. Atqarı’w ha`m u`yretiw usı’lları’ boyı’nsha aldı’n-ala jobalar du`ziwi ha`m u`yretiw waqtı’nda qosı’msha usı’llardı’ jaqsı’lap woylap islewi kerek.

<u>Janrı’</u>-vokal muzı’ka janrları’- Opera, oratoriya, kantata, romans, qosı’q, woyı’n h.t.b. Usı’ bag`darda, solist ha`m xor janrı’nda, akapella usı’lı’nda, opera yamasa kantata, qosı’q janrı’nda bolı’wı’ mu’mkin.

<u>Forma</u>- jazı’lı’w stili-muzı’ka formaları’- 2 bo`limli, 3 bo`limli, bir bo`limdi,kuplet formasi’,rondo formasi’ h.t.b. Gamofonno, Garmmoniyalı’q, Gamofonno-garmoniyalı’q (aralas), polifoniyalı’q stilde jazı’lı’wı’ mu’mkin.

<u>Ladı’</u>-balalar repertuarı’ndag`ı’ qosı’qlar ladı’- Lya, Si, Do, Re, Mi, Fa, Sol majar ha`m minor ladları’,qaraqalpaqsha qosı’qlar minor Frigiya ladı’nda jalı’ladı’.

Shı’g`armanı’n` <u>tezligi-pedagogika</u>lı’q wo`zgeshelikleri.

Tez tempte bolsa- Allegro,Presto,Vivo

Wortasha tempte bolsa- Andante,Andantino,Moderato

A`sten tempte bolsa- Adajio,Lyargo, Grave

Pedagogikalı’q wo’zgerisler-Ritenuto,Allyargando,Sostenuto

Vokal - xor talqı’lawı’nda – Diapozonı’ - ha`r partiyanı’n` diapozonı’, ulı’wma shı’g`armanı’n` diapazonı’

Tessiturası’

Saz-taza aytı’w usı’lları’

Dikciyası’-aytı’wg`a qı’yı’n so`zler

Dem alı’w worı’nları’

Dawı’s partiyaları’ wo`z aldı’na u`yreniledi.

## Juwmaqlaw

Keleshegimiz tı’rnag`ı’ bilim da`rgayları’nda jaratı’ladı’, basqasha aytqanda xalqı’mı’zdı’n` yerten`gi ku`ni qanday bolı’wı’ perzentlerimizdin` bu`gin qanday ta`lim ta`rbiya alı’wı’na baylanı’slı’ yekenligin umı’tpawı’mı’z kerek,-dep prezidentimiz atap ko`rsetkenindey, bu`gingi da`wir jasları’na u`lken isenim bildirip wotı’r. Bizin` milliy ideyaları’mı’zdı’n` tiykarg`ı’ maqsetlerinin` biri ha`r ta`repleme rawajlang`an insandı’ ta`rbiyalawdan ibarat. Ha`r ta`repleme rawajlang`an insan yerkin pikirleytug`ı’n, wo`z xalqı’na pidayı’, watanı’na sadı’q insan. Prezidentimiz wo`z so`zinde “Bizin` tiykarg`ı’ baylı’g`ı’mı’z, rawajlang`an ma’mleket du`ziwde alı’p baratug`ı’n joldag`ı’ tiykarg`ı’ tayanı’shı’mı’z insandur. Joqarı’ ta`jiriybeli ha`m joqarı’ ruwxı’ylı’qqa iye insan. Bul na`rse a`sirese jas a`wladqa tiyisli”,- dep ko`rsetken yedi. Jas a`wlad bul ja`miyetimizdin` yerten`gi ku`ni.

Milliy g`a’rezsizlik ideyası’ bu’gingi ku’nde tez pa`tte wo`zgerip baratı’rgan ta`shwishli du’nyada wo`zligimizdi an`law bizin` kimligimizdi, qanday ullı’ babalardı’n miyrası’na, neshe mı’n` jı’llı’q tariyx, ta`kirarlanbaytug`ı’n ma`deniyat ha`m qa`diriyatlarg`a iye yekenimizdi sezinip jasawg`a bul baylı’qtı’ ası’rap saqlaw, demokratiyalı’q qa`diriyatlar, pu`tkil du’nya rawajlanı’wı’nı’n` jetiskenlikleri menen azı’qlandı’rı’p, jan`a wo`sip kiyatı’rg`an a`wladqa xı’zmet yetiw za`rur. Milliy g`a`rezsizlik ideyası’n ilim ha`m ma`deniyat g`ayratkerleri, aldı’ menen ruwxı’y ag`artı’w tarawları’ xı’zmetkerleri milliy ideologiyanı’ jetilistiriw ha`m wonı’n` tiykarg`ı’ principleri adamlar sanası’na ha`m qa`lbine sindiriwge qaratı’lg`an jumı’slardı’ jan`a basqı’shlarg`a ko`teriw za`ru`r dep bilemen. O`zbekistan wo`z g`a`rezsizligin alg`anlı’ berli ullı’ ata-babaları’mı’z Nawayı’, Ibn Sino, Al Farabiy, A’mir Timur miyrasları’n qa`dirlep, qa`sterlep xalqı’mı’z wo`z u`rpaqları’na jetkerip kiyatı’r, sonı’n`

menen birge wo`zbek xalqı’ wo`z muzı’ka sazı’n, xalı’q qosı’qları’n na`silden-na`silge jetkerip kelmekte.

Qaraqalpaq xalqı’da a`yemgi wo`z tariyxı’na bay xalı’q. Wonı’n` milliy ma`deniyatı’, wo`zine tartarlı’q ko`rkem-wo`neri, ag`ı’la a`debiyatı’, qa`diriyatları’, u`rip-a`det ha`m da`stu`rlerine iye xalı’q. G`a`rezsizlik sharapatı’ menen Qaraqalpaq xalqı’ ju`da` ko`p qa`diriyatları’n qayta tiklew mu`mkinshiliklerine iye boldı’. A`dillik ha`m tenlik, azatlı’q ha`m yerkinlik ushı’n gu`resken Yernazar Alako`z, Allayar Dosnazarovtay xalı’q qaxarmanları’nı’n` batı’r yer ju`rekli Qaraqalpaq perzentlerinin` arzı’w a`rmanları’ iske astı’. Milliy ma`deniyat ha`m ruwxı’nı’n` turaqlası’wı’na, Qaraqalpaq klassik shayı’rları’ Berdax, A`jiniyaz babaları’mı’zdı’n` do`retiwshilik miyrası’nı’n` tolı’q tikleniwine, qa`sterlep yeske tu`siriw, abroyı’nı’n` artı’wı’na jol ashı’p berdi. Ha`zirgi waqı’tta Respublika xalı’q bilimlendiriw sisteması’ milliy woyanı’w, sociallı’q, ekonomikalı’q ha`m ruwxı’y rawajlanı’wda Respublikada jan`a tiptegi worta ulı’wma bilim beretug`ı’n mekemeler, liceyler, gimnaziyalar ha`m arnawlı’ pa`nler teren` woqı’tı’latug`ı’n mektepler tez pa`t penen rawajlanbaqta. Sonı’n` menen birge usı’ mekteplerde bu`gingi «Kadrlar tayarlawdı’n` milliy da`stu`r» inde belgilengen wazı’ypalardı’ a`melge ası’rı’w ushı’n tvorchestvolı’q pedagogikag`a, do`retiwshi woqı’tı’wshı’g`a za`ru`rlik ju`da` artı’p barmaqta. A`jayı’p mektep qurı’lı’wı’ mu`mkin, biraq bulardı’n` ha`mmesi jeretli yemes. Mektepke haqı’yqı’y pedagog, woqı’tı’wshı’-shaxs kirip kelgende g`ana wolar jan`alanadı’, pedagogik teoriya ha`m sistemalar, ko`rgizbeli qollanbalar ha`reketke keledi.

Do`retiwshilik pedagogik xı’zmet-bul insan shaxsı’n, wonı’n` du`n`ya qarası’n, isenimin, wonı’n` minezin qa`liplestiriwge bag`darlang`an sheksiz ma`selelerdi sheshiw processi bolı’p yesaplanadı’. Psixologik-pedagogik a`debiyatlarda pedagogik xı’zmet tu`rleri (ta`lim beriwshi, ta`rbiyalawshı’, rawajlandı’rı’wshı’, izertlewshilik, sho`lkemlestiriwshilik, kommunikativ x.t.b.) qatar faktorlar ta`repinen izertleniwler qı’lı’ng`an. Sonı’n` menen birgelikte pedagogik xı’zmet

turaqlı’ wo`zgeriwshen`, jan`alanı’wshı’, rawajlang`ı’shlı’g`ı’ menen ajı’ralı’p turadı’, wog`an sociallı’q buyı’rtpa u`zliksiz ta`sir ko`rsetedi.

Woqı’w-ta`rbiya processinde aldı’n`g`ı’ pedagogik texnologiyalar menen ta`miyinlew wazı’ypası’ ha`m tikkeley woqı’tı’wshı’dan do`retiwshilik xı’zmetti, qala berse, islep shı’g`arı’wg`a tiyisli bolg`an taraw bilimlerin talap yetedi. Texnologiya bar yeken, sol sebepli, wonı’ ta`lim-ta`rbiyag`a sin`diriw sha`rt yeken, bul process qay jerde keshiwi mu`mkin degen sawal turı’wı’ ta`biyiy. Juwap anı’q, wol da`rhaqı’yqat, pedagogik karxanada-pedagogik islep shı’g`arı’w processinde kelip shı’g`adı’.

Juwmaqlap aytqanı’mı’zda Bilimlendiriw haqqı’nda nı’zam «Kadrlar tayarlaw milliy bag`darlaması’», sabaqlardı’n` ha`zirgi zaman pedagogikalı’q ha`m informaciyalı’q texnologiyanı’n` modeli, sonday-aq bilimlendiriw tarawı’nda bolı’p atı’rg`an bu`gingi bas siyasattı’ a`melge ası’rı’w menen birge ma`mleketimizdin` alg`a qoyg`an wazı’ypaları’n iske ası’rı’wda muzı’ka ma`deniyatı’ pa`ni woqı’wshı’lardı’ muzı’ka du`n`yası’na alı’p kiriw, sonı’n` menen birge wolardı’ muzı’kanı’n` bay janrları’n su`yiwge u`yretiw ha`m aqı’l ta`rbiyası’ sı’patı’nda muzı’ka ma`deniyatı’n rawajlandı’rı’wdan ibarat bolı’p yesaplanadı’.

# Paydalang`an a`debiyatlar


| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | I.A.Karimov "Yuksak ma`naviyat – engilmas kuch" | Toshkent «Uzbekiston» | 2008 |
| 2 | I.A.Karimov Jamiyatimiz mafkuralari xalqni-xalq, millatni-millatga xizmat etsin | Toshkent «Uzbekiston» | 1998 |
| 3 | Б.Кабалевский Три кита в музыке | Москва | 1984 |
| 4 | Muzi'ka sabaqlı'g`ı' | G'.Amaniyazov | 2010 |
| 5 | Baxi'tli' balaliq | U.Abdullaeva | 2005 |
| 6 | Ko`rkem ja`ma`a`t ha`m wonı'n` repertuarı' (Xor u`yreniw pa`ni boyı'nsha Lekciya) | Q.Zaretdinov | 2001 |
| 7. | Muzi'ka pa'ni тa`lim standartı' | Toshkent | 2009 |
| 8. | Xor (oqi'w wollanba) | S.Tajetdinova No'kis -Bilim | 2012 |
| 9 | X.Nurmatov, N.Norxujaeva, G.Amaniyazov Muzı'ka-1 klass | No`kis «Bilim» | 2010 |
| 10 | X.Nurmatov, N.Norxujaeva, G.Amaniyazov Muzı'ka- 2 klass | No`kis «Bilim» | 2010 |
| 11 | X.Nurmatov, N.Norxujaeva, G.Amaniyazov Muzı'ka- 3 klass | No`kis «Bilim» | 2010 |
| 12 | G.Amaniyazov. S.Sayitbekova | Muzı'ka- 5 klass No`kis «Bilim» | 2008 |
| 13 | A.Mambetov,T.Qurbanov Qosiq-nama sabaqlig'i' | 6-klass «Bilim» | 1996 |
| 14 | Qosı'q nama sabaqlı'g`ı' 7- klass | S.Palwanov, S.Tajetdinova | 2005 |